**O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı**

Ta`biyattanıw ja`ne geografiya fakul`teti
**Zoologiya kafedrası**

**5140400 Biologiya bakalavr ta`lim bag`darı 4[a]-kurs talabası**

Xojamuratova Shaxlo Yalgashbaevna

# *PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI*

## SUW HA`WIZLERI O`ZIN-O`ZI TAZALAWDA BIOTALAR A`HMIYETI

**İlimiy basshı:** **b.i.k.Q. Atanazarov**

**Zoologiya kafedrasının` baslıg`ı** **b.i.k.Q. Atanazarov**

**Pitkeriw qaniygelik jumısı Zoologiya kafedrası oqıw metodikalıq ma`jlisinde 6 may 2014 №10 sanlı bayannama menen qorg`awg`a jiberildi**

**No`kis 2014**

## MAZMUNI:

KIRISIW…………………………………………………………....... **3**

1-BAP. Suw qorların haqqında qorg`aw boyınsha ulıuma tusinik………... **6**

II. İzertlew ornı metodlari…………………………………………….. **8**

III-Tiykarg`ı bo`lim ………………………………………………….. **10**

BAP. Respublika aymag'ındag'ı da'rya, magistral kanalları ha'm kollektor suwlarına sıpatlama…………………………………………………….. **12**

3.1. Suwlardı o`zin o`zi tazalaw protsessi………………………………… **18**

3.2. Qaraqalpaqstan Respublikası suw ha`wizlerinin` biotası ha`m suwlardı tazalawda a`hmiyeti. ………………………………………………….. **24**

3.3. Respublika aymag'ında suw resurslarin qorg'awdın' ha'zirgi jag'dayları……………………………………………………………… **27**

3.4. Qaraqalpaqstan Respublikası suw hawizleri sapas………………….. **35**

JUWMAQLAW………………………………………………………… **52**

O'mir qa'wipsizligi…………………………………………………….. **46**

PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR………………………………… **54**

## KIRISIW

Elimiz o'z g'a'rezsizligin alıng'annan keyin Respublikamız aymag'ında payda bolg'an ekologiyalıq jag'daydı jaqsılaw, ana ta'biyatımızdın' baylıqların qorg'aw, olardan u'nemli paydalanıw ma'selelerine u'lken a'h'miyet berilip atır.

Aral ten'izi basseyninde payda bolg'an ekologiyalıq ma'selelerdi sheshiwdi O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A. Karimov 1993 jılı Birlesken Milletler Sho'lkeminin' Bas Assambleyasının' 48-sesiyasında h'a'm 1995 jıl usı sho'lkemnin' 50 jıllıg'ına arnalg'an saltanatlı ma'jilisinde shıg'ıp so'ylegen so'zlerinde Aral ten'izi krizisi ulıwma jer ju'zlik mashqala ekenin ha'm bul mashqalanı ko'plegen ellerdin' birliginde sheshiw kerek ekenin bildiredi. Ha'zirgi waqıtta Aral ten'izi basseyninin' mashqalasın sheshiwde Birlesken milletler sho'lkemi qa'winderligi astında rawajlandırıw Programması (PROON), YuNEP Evropa qa'wipsizligi h'a'm birge islesiw sho'lkemi ha'm (OBSE) Du'nya ju'zlik den-sawlıqtı saqlaw sho'lkemi (VOZ) Pu'tkil jer ju'zlik banki ha'm pu'tkil du'nya ju'zlik ja'miyetshiligi, ilimpazları qatnaspaqta.

O'zbekstan h'a'm Qaraqalpaqstan Respublikası ilimpazları du'nya ju'zinin' alg'a rawajlang'an ellerdin' ilimpazları menen birlikte Ten'iz jag'daylarının'

ekologiyalıq jag’dayların izertlew h’a’m bul mashqalalardın’ sheshiw jolların ilmiy jaqtan da’lillew u’stinde ha’r ta’repleme jumıslar alıp barmaqta.

Respublikamızda qorshag’an ortalıqtı qorg’aw ha’m ta’biyiy resurslardan u’nemli paydalanıwg’a ayrıqsha kewil bo’linbekte. Tiykarg’ı ana ta’biyatımızdın’ baylıqları bolg’an jer, suw, hawa, o’simlikleri h’a’m haywanatlar du’nyasın qorg’aw, ko’beytiw, ornın toltırıw ha’m olardan u’nemli paydalanıw boyınsha ko’p g’ana nızamlar qabıl etiledi. Olardan «Ta’biyattı qorg’aw haqqında» (1992j) «Jer haqqında» (1990 j) «Suw ha’m suwdan paydalanıw haqqında» (1993 j), «Tog’ay haqqında» (1993 j) «Qazılma baylıqlar haqqında» (1993 j) «Hawa atmosferasın qorg’aw haqqında» (1997 j) nızamların qabıl etiledi, ha’m «o’simlikler du’nyasın qorg’aw haqqında,» «Haywanlar du’nyasın qorg’aw haqqında nızamları h’a’m jer haqqında kodeks» qabıl etildi.

Ha’zirgi waqıtta Aral ten’izi mashqalası pu’tkil du’nya juzlik mashqalag’a aylandı. Aral ten’izinin’ suwı keskin tartılıp, ha’zirgi ku’nde 1960-jıllarg’a salıstırg’anda onın’ suwının’ mug’darı u’sh esege kemeydi.

Ten’iz jag’asına jaqın aymaqlardın’ topıraq qatlamında degradatsiya protsessinin’ ku’sheyiwi sezilerlik da’rejede bolıp maydanının’ basım ko’pshiligi 77 payız o’simlikler menen qaplang’an orınlar bolıp tabıladı. Bul orınlarda tarqalg’an organizmlerdin’ genofondında da o’zgerisler ju’z berip atırg’anlıg’ı h’aqqında mag’lıwmat bar. Sonlıqtan Qara qum ha’m Qızıl qum sho’listanlıqları ha’m U’stirt jazıqlıg’ı birigip u’lken bir pu’tin sho’listanlıqtın’ payda bolıw qa’wpinin’ shınlıqqa aylanıw qa’wpi bar.

Ekologiyalıq krizis na’tiyjesinde regionda tarqalıp, o’sip rawajlanıp atırg’an o’simlikler ha’m haywanatlar du’nyasına keskin ta’sirin tiygizedi. O’simlikler menen qaplang’an jerlerde degradatsiya protsessii ku’sheyedi 600 mın’ gektar dan aslam qamıszarlıqlar joq bolıp ketti, da’rya ha’m suwg’arıw kanallar jag’alarında tog’aylardın’ sanı maydanı azayıp ketti. Antropogenlik ta’sir na’tiyjesinde A’mudaryanın’ to’mengi quyar bo’liminde tog’aylardın’ maydanı 90 payızg’a kemeydi. Sonday-aq usı ortalıqta tarqalg’an mın’nan aslam o’simliklerdin’ 30 tu’ri joq bolıp ketti. Son’g’ı 15-20 jıl ishinde A’miwda’rya deltasında ishki ko’llerdin’

ha’m suw saqlag’ıshlardın’ sanı 300 ge, al olardın’ maydanı 24 esege kemeydi. Usının’ saldarınan ko’llerden balıq awlaw 3 esege, ondatra awlaw 5 esege azaydı. Qaraqalpaqstan Respublikası aymag’ında jasaytug’ın haywanlardın’ 32 tu’ri ’a’m o’simliklerdin’ 11 tu’ri O’zbekstan Qızıl kitabına kirgizilgen.

A’miwda’rya suwının’ pataslanıw jag’dayı ko’pshilikti ta’shiwishke salıp kelmekte. Tek g’ana onın’ joqarı ha’m orta bo’limlerinde jılına ortasha 3,5-4 milliard kub-metr pataslang’an kollektor-drenaj ha’m o’ndirislik shıg’ındı suwlar taslanbaqta. Tu’yemoyın suw saqlag’ıshınan aldı betindegi da’rya suwında patas zatlardın’ mineralizatsiyası 1,5 g/l, shekem bolıp, al suwdın’ qattılıg’ı 6-18 mg ekv/l ge ten’. Mag’lıwmatlarg’a qarag’anda son’g’ı waqıtları Qaraqalpaqstan Respublikasının’ suwg’arıp egiletug’ın jer maydanlarına da’rya suwı arqalı jılına 7,5-9,5 million tonna duz kelip tu’sedi. Mine usı pataslang’an suwlardı paydalanıw na’tiyjesinde egislik jerlerde mineral duzlar ha’m basqa da zatlar toplanıw jag’dayı ishki suw saqlag’ısh ha’m ko’llerdin’ suwlarının’ pataslanıwına ha’m ishimlik suwdın’ sapasının’ to’menlewine alıp kelmekte. Sonın’ ushın ha’zirgi waqıtta elimizdegi suw zapaslarının’ pataslanıwının’ aldın alıw, olardan u’nemli paydalanıw ha’m qorg’aw ja’miyetimiz aldında turg’an en’ baslı wazıypalardın’ biri bolıp tabıladı.

# 1-BAP. SUW QORLARIN HAQKINDA QORG`AW BOYINSHA ULIUMA TUSINIK

Da’ryalardın’, ko’llerdin’, suw saqlag’ıshlardın’ kanallardın’, kollektorlardın’ ha’m basqa da suw obektlerinin’ pataslanıwının’ aldın-alıw, sonday-aq qolaylı suw rejimin saqlaw maqsetinde arnawlı rejim belgilenedi. Suw qorg’aw polosalarının’ ta’biyattı qorg’aw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikasının’ Ministrler Ken’esi ta’repinen tastıyqlanatug’ın ta’rtipke muwapıq belgilenedi. Ma’mleketler aralıq da’ryalarda suw qorg’aw zonaları ma’pdar ma’mleketler arasında du’zilgen  sha’rtnamalarg’a muwapıq belgilenedi. Xojalıq aralıq jer ju’zinde ha’m elatlı punktlerdin’ aymag’ın jobalastırg’anda suw qorg’aw polosaların du’ziw ma’seleleri ta’biyattı qorg’aw boyınsha ha’m suw xojalıq uyımları menen o’z-ara aldın-ala kelisip alıwı tiyis. Suw qorg’aw polosalarının’ rejimi ha’r qıylı olar to’mendegishe:

Suw obektlerinin’ jag’aları boylap  suw qorg’aw zonası sheginde xojalıq jumısın qatan’ sheklew aymag’ı bolıp tabılatug’ın jag’a boyı polosaları boladı.

Elatlı punktlerde  xalıqtın’ awız suw ha’m turmıs ilajlarına suw obektlerinin’ jag’aları boylap suw qorg’aw zonaları belgilenedi.

Olarda ha’r qanday xojalıq jumısı qadag’an etiledi. Suw qorg’aw polosları sheginde xojalıq jumısı sheklewi ruxsat etiledi. Suw qorg’aw zonasında to’mendegi jag’daylar qadag’an etiledi:

- ag’ash putaqlı o’simliklerdi shabıw: (sanitariyalıq ha’m mineral to’ginleri bar skladlar salıw ha’m saqlaw:),

- Za’ha’rli ximikatlardı qollanıw, za’ha’rli ximikatlı zavodlar salınıwdın’ aldın alaw:

- kanalizatsiyalıq tazalaw imaratların ha’m patas suwlardı toplawshılardın’ ha’r qıylı tu’rin ornatıw

- Mal  sharwashılıq komplekslerin jerlew orınların, ıbırsıqlar, o’ndiris qaldıqların to’giw  orınların jaylastırıw sonday-aq suwg’arıw ushın suyıq da’retti paydalanıw:

- Avtotransporttı qoyıw, may menen zapravka quyıw, juwıw ha’m on’law:

- Neft o’nimlerin saqlaw ushın skladlar jaylastırıw:

- Zıg’ır, kendir, teri juwıwdı toqtatıw.

Da’ryalardın’ an’garların o’zgertiwge paydalı qazılma baylıqlar o’ndiriwge basqa da jumıslar islewge suw xojalıq ta’biyattı qorg’aw boyınsha ha’m geologiya uyımlarının’ ruxsatı menen g’ana jol qoyıladı. Suw qorg’aw zonaların paydalanıw ha’m qorg’aw ta’rtibi, sha’rtleri Qaraqalpaqstan Respublikasının’ Ministrler Ken’esi ta’repinen belgilenedi. Usı jag’day suw obektlerinin’ sanitariyalıq awhalın qorg’aw ha’m onın’ zonaların ja’ne onın’ xalıq xojalıq mu’mkinshiliklerin usı zonalarda olardı ılaslaw, pataslaw, qurıp ketiwden saqlaydı. Suw ha’wizleri ha’m suw saqlag’ıshlardın’ do’gereklerin, ja’ne de da’ryanın’ boyı, magistral kanallar ha’m kollektorlardın’ boyına suwdı qorg’aw zonaları ha’m polosaları ja’ne de awız suw jıynalg’an suw dereklerin qorg’aw zonalarına qoyıladı. Suw qorg’aw zonaları onı sanitariyalıq qorg’aw belgileri ta’biyattı qorg’aw organının’ usınısı menen ministirliktin’, ma’mleketlik komitettin’, birlespelerdin’, mekemelerdin’ ha’m sol usı suw obektlerin ekspluatatsiyalaytug’ın, paydalanatug’ın mekemelerdin’ usınısı menen belgilep qoyıladı. Bul suwdı qorg’aw: suw dereklerin qorg’aw arnawlı jobalastırıw mekemelerinin’ ta’repinen usı do’gerektin’ geologiyalıq, sanitariyalıq, epidemiologiyalıq ha’m topografiyalıq tekseriwler ha’m qıdırıwlarg’a tiykarlanıp islenedi. Suwdın’ qorg’aw usınısları islep turg’an suw obektlerin belgilew eki etapta ju’rgiziledi.

I etapta suw qorg’aw ha’m onın’ xojalıq rejimi belgilenedi, ha’m usı zonalarda belgileniwi sha’rt.

II etapta qurılıs normalarına ha’m metodikalıq ko’rsetpelerge tayana otırıp injinerlik, sanitariyalıq, texnikalıq ha’m tag’ı basqalar ta’repinen belgilenedi. Suw qorg’aw usınıslar taza qurılıp atırg’an obektlerde joybarlaw hu’jjetleri quramında usı ko’rsetilgen jag’daylardı orınlaw menen tamanlanadı. Usı jag’dayg’a tiykarlanıp atırıp suwdı qorg’aw zonalarına kirgen. Jerler da’ryanın’ boylarınan basqa suw saqlag’ıshlardan basqa magistral kanallar ha’m kollektorlardan basqa gidrouzelo, kolxoz, sovxoz, ha’m basqa mekemelerdin’ ha’m xojalıqlardan ayırıp

alınbaydı. Da’rya boyı suw saqlag’ıshlar, ha’wizler, xojalıq aralıq kollektorlıq magistral kanallar, nasos stantsiyası xalıq deputatlarının’ sheshimi menen mekemelerge sho’lkemlerge usı obektlerdin’ o’zgerisine tiyislisine bekitiledi. Usı obektlerdi normada paydalanıw ta’min etiledi. Sanitariyalıq qorg’aw birinshi polosa suw menen ta’miyinlew deregi ha’m mineral suwlar dereginen jer uchastkalar menen qosa suw alıw qurılıs obektleri, usı obektlerdi paydalanıwshı mekemelerge belgili ta’rtipte beriledi. Suw saqlag’ıshlardın’ ha’wizlerdin’ a’tirapın qorg’aw zonaları usı obektlerdin’ belgilengen sanitariyalıq awhalın, onı pataslawdan saqlaw, ko’milip qalıwdan saqlaw ushın usı obektlerdin’ iyesi menen kelisim sha’rtnamasına qol qoyılg’annan keyin ha’m og’an tiyisli qarjı belgilengennen keyin ruxsat etiledi. Suw qorg’aw polosaları suw saqlag’ısh ha’m ha’wizlerdin’ aylana do’geregine qoyıladı. Suw qorg’aw zonasının’ quramına to’mendegiler kirgiziledi.

- 50 jılg’a deyin taza qurılıs ju’rgizbew; 5 lik otkos tu’rinde aylana suw saqlag’ısh ha’m h’a’wizlerdi qurıw ko’rsetiledi. Suw saqlag’ıshlardın’ suwının’, qa’ddinin’ do’geregi jerdi suw basıp ketiwdin’ aldı alınadı:

- Suw saqlag’ısh ha’m h’a’wizlerdin’ do’geregine a’tiraptı qorg’awshı terekler egiledi. Suw qorg’aw zonasının’ yaki usı suw saqlag’ıshtın’ belgilerine onın’ do’geregindegi jerlerdin’ xojalıqqa paylalanıw tu’rlerine, usı do’gerektin’ ba’lent-pa’sligine baylanıslı. Sıyımlılıg’ı 1,1 den 10 km$^3$ ke deyin gi suw saqlag’ıshlardı ha’m ha’wizlerdi 300-500 m 0,6 dan 1 km$^3$ ke deyingi suw saqlag’ıshtın’ do’geregi 200-300 m ha’m kishi suw saqlag’ıshlar 0,2 den 0,5 km$^3$ ke 100-200 m, ju’da’ kishi bolsa 0,1 h’a’m onnan da az suw saqlag’ıshlardın’ do’geregi 100 m ge deyin boladı.(Baxiyev A.”Ekologiya tiykarlari”Nokis 1994j)

Usı suw saqlag’ısh zonalarının’ shegeraları ha’r qıylı injenerlik, qurılıslardın’ tu’rine qaray transport jolları ha’r qıylı biyiklikler, pa’slikler, da’rya salaları ha’m basqa da ta’biyiy tu’rlerge qarap belgilenedi. Suw qorg’aw zonanın’ ishki shegarası suwdın’ shegeraları menen suw saqlag’ıshtın’ ishki suw shegerası menen onın’ ta’biyiy awhalında turg’an jag’dayı menen onın’ ko’p jıllıq awhalın tekseriw menen belgilenedi.

# II. BAP. IZERTLEW MATERIALI HA'M METODIKASI

## 2.1. İzertlew ob`ekti materialları

Ha`zirgi waqıtta A`miwdariya boylap ko`p mug`darda patas taslandı suwlar da`riya arnasına quyılmaqta. SANİİRİ maqlıwmatları boyınsha olar ha`r jılı 7,8-80 milliard $m^3$ suwdı payda etedi. Bul taslandı- patas suw quramında ko`p mug`darda za`ha`rli ximiyalıq zatlar ha`m mineral` to`ginler qaldıqlar bar. Sonlıqtan-da da`r`ya suwı duzlı ha`m pataslanbaqta. Eger 1950-60-jıllarda 1-l suwdı 0,3-0,7 gram duz bolsa, ha`zirgi waqıtta bul 1,5 3,0g payda etedi.

Tiykarg`ı o`simlikler tipi Gelofitler (suw-batpaqlı o`simlikler) ha`m gidrofitler (haqıyqı suw o`ismlikleri)

O`simlik qatlamı qamıs ha`m jag`alarında jekenlikler ortasha 10% o`simlik qatlamı menen qaplang`an. Suw kem ha`m ko`l kurg`ag`an orınlarında tez pa`t penen jın`g`ıllıqlar menen qaplanadı. Suw astı o`simliklerinen rdest i xaralar 2009 jıldan baslap payda bola basladı

## 2.2. İzertlew usılları

Suw organizmleri jamaat payda etip tirishilik etedi. Biotsenozlar ha`m olar o`z gezeginde suw katlamında (plankton), suw qatlamı astında, topırak sho`gindi ha`m o`simlik qaldıqlarına birigip (bentos) qattı substratlarda jabısıp tirishilik etip (perifiton) jasaydı. Ha`r qıylı gidrologiyalık suw ekosistemalarında ayırım biotsenozlardın indikatorlık bahalılıg`ı turlishe bolıp keledi. Sebebi jer usti suw sistemaları bir-biri menen ha`r turli jag`daylarga baylanıslı ekologiyalık faktorlar ta'sirinde ajıralıp turadı.

Suwlardı izertlewler barısında gidrobiologiyalık mag`lıwmatlar birden-bir kerekli ha`m monitorin' sistemasında suw ortalıg`ına ulıwma ekologiyalıq baha beriliwinde a`hmiyetli orın iyeleydi. Gidrobiologiyalıq monitorin' sistemasında texnikalıq jaqtan qolaylı esaplanatug`ın ha`m ken` tarqalg`an usıl bioindikatsiya

esaplanadı. Bul usılda suw ortalıg`ında ta`biyiy dala sharayatında suw biotsenozlarının` quramı ha`m strukturası o`zgerislerin suw sapa ko`rsetkishlerinin` fiziko-ximiyalıq o`zgerislerin laboratoriyalıq eksperimentlerge tiykarlang`an ayırım standart organizmler tu`ri - test ob`ektler ja’rdeminde bahalawg`a boladı.

Suwdın` ulıwma mineralizatsiyasın anıqlawda N.V. Novikovtın` h.t.b. “Metodı issledovanie kachestvo vodı vodomoev” degen ashılg`an metodlarda alıp barılg`an. Duzlang`an suw dep o`zinde suwda eriwshi duzlardın` 0,2% ten ko`p bolg`an summasına aytadı. Duzlang`an suwda eriytug`ın duzlardan jiyi NaCl, $Na_2SO_4$, $NaHCO_3$, $Na_2CO_3$, Ca $SO_4$, Ca $Cl_2$, $MgSO_4$ ha`m tag`ı basqası ushırasadı.

Suw sapalıq ko`rsetkishleri gidrofizikalıq (T, tok o`tkeriwshenligi, tıg`ızlıg`ı, basımı) ha`m ximiyalıq ko`rsetkishleri tiykarg`ı ha`m qosımsha $SO^{2-}_4$, $Cl^-$, $HCO_3^-$, $Na^+$, $K^+$, $Ca^{++}$, $Mg^{++}$ elementler bolıp bo`linedi (Alekin, 1951).

Bul magistrlik pitkeriwshilik jumısta suw ortalıg`ın anıqlawda laboratoriyalıq jag`daylarda ha`r qıylı usıllar tiykarında anıqlawlardı u`yrendik. Suw sapasın tiykarınan fizikalıq, gidroximiyalıq, gidrobiologiyalıq h.t.b. usıllar menen anıqlanadı. Fizikalıq a`spap-u`skeneler termometr, Disk Sekki, fotokolorimetr, spektrofometr, gazoxromotograf, mikroskop h.t.b.

Perifiton tu`rlik quramı F.P.Choriki (1963) P.A.Kutikova (1970) anıqlag`ıshları arqalı anıqlandı. Suw otlarının` tu`rlik quramı Gollerbax x.t.b. (1953) L.İ.Kursanov, A.Naumov (1983) ulıwma uslublıq anıqlag`ıshlar tiykarında anıqlandı.(Baxiyev A.,Xojaniyazov D.,Eshimbayev D.”Biosfera tiykarlari” Nokis 1995j)

Mikrobiologiyalıq izertlewler barısında mikrobiologiyalıq izertlew usılları boyınsha metodlikalıq ko`rsetmpeler, Ma`mleketlik standartlardan ha`m sonday-aq MBİ, MBA mikoroskoplardan, Sekki diskasınan, Petri chashkalarınan pipetka ha`m bir qansha qosımsha u`skenelerden paydalanıldı.

Suw quramında ha’r qıylı zatlardın’ aralaspalı zatlar bolıp,bular suwdın’ tınıqlıg’ın to’menletedi. Suwdın’ tınıqlıg’ın anıqlaw ushın, 30 sm diametrindegi aq

disk qollanıladı. Ol jipke baylanıp suwg’a taslanadı, disk vertikal’ halında tu’siwi ushın onın’ ushına ju’k baylap qoyamız. Disk ko’rinbey ketkenshe suwdın’ teren’ligine jiberiledi. Suwdın’ tınıqlıg’ın anıqlamastan burın qanday ken’islikte jaylasqanlıg’ın anıqlap alıw kerek.

Perifiton tu’rlik quramı F.P.Choriki (1963) P.A.Kutikova (1970) anıqlag’ıshları arqalı anıqlandı. Suw otlarının’ tu’rlik quramı Gollerbax x.t.b. (1953) L.İ.Kursanov, A.Naumov (1983) ulıwma uslublıq anıqlag’ıshlar tiykarında anıqlandı.

Toplang’an materialdı O’zR İlimler akademiyası Qaraqalpaqstan bo’limi «Mikroorganizmler ekologiyası» laboratoriyasında qosımsha analizler islendi.

## III-TIYKARG`I BO`LIM

## 3 BAP. RESPUBLIKA AYMAG'INDAG'I DA'RYA, MAGISTRAL KANALLARI HA'M KOLLEKTOR SUWLARINA SIPATLAMA

Suw qorg'aw zonası ha'mme da'ryanın' boyına, saylarg'a, eger olar waqıtsha yaki tınbay ag'ıp turg'an bolsa, ol kimnin' jerlerinen o'tiwine qaramay belgilenedi. Suw qorg'aw zonasına kirgizilgen yag'nıy jer suwları jan'alanıp tursa, suw tasqınlarında basıp ketetug'ın bolsa, onda onın' do'gerekleri usı zonag'a kirgiziledi. Usı suw qorg'aw zonalarının' ishki shegerası suwdın' ko'p jıllıq ortasha belgisine qarap belgilenedi. Da'rya boyının' suw qorg'aw zonasının' eki u'lken da'ryalarda 100$m^3$ sek zıyat bolsa, 300-500 m, ortasha da'ryalarda 5 ten 100$m^3$ bolsa 100-300 m kishkene da'ryalarda 2 den 5 $m^3$ sek deyin 50-100m, ju'da' kishi da'ryalar, saylar 2$m^3$ sekundqa deyin 50 m ge shekem. Usı suw qorg'aw zonaları da'ryalardın' barlıq uzınlıg'ında suwdın' shıg'ınına qaray ha'r qıylı bolıwı belgilenedi. A'miwdarya ha'm Sırda'ryanın' suw qorg'aw zonasının' o'lshemi onın' usı da'ryag'a quyatug'ın salmalardı qosıp esaplag'anda belgili joybar boyınsha suw xojalıg'ı menen shug'ıllanıwshı joybarlaw mekemelerinin' proekti menen belgilengedi. Ekologiyalıq talaplarg'a ılayıq usı ta'repler buzılmaytug'ın etip belgilenedi. (P.Baratov “Tabiyatni muhofaza qilish” T.O'qituvchi 1991y).

Suw qorg'aw zonasının' shegerasında da'ryalardın' boyı ha'm saylardın' boyına suw do'gereklerinin' eki polosasına xesh qanday xojalıq keshelerinin' yaki bolmasa sanaat qurılıs obektlerinin' jaylasıwının' sotsiallıq turmıs kulturalıq obektlerdin' belgileniwi ha'm darya menen saylardın' suw jag'alarının' eni ko'p jıllıq ortasha suw shegeralarının' ba'lentligi menen belgilenedi. Taw da'ryalar ha'm qurg'ap qalg'an saylar waqıtsha ag'atug'ın kanallar, olardın' shegeraları ha'r waqıtta ha'r qıylı o'zgeriwi mu'mkin. Barlıq magistral kanallar, xojalıq aralıq kollektorlardın' suw jag'alaw poyasları usı obektlerdi paydalanıwshı mekemelerdin' kelisimsiz suw tartıwshı mashinalardın', mekemelerdin'

mexanizmlerdin’ waqıtsha qurılısı isletilmeydi. Sanitariyalıq epidemiologiyalıq jag’daylardın’ barlıq islep turg’an, joybarlanıp atırg’an, qayta qurılıp atırg’an suw o’tkizgish trubalardı sanitariyalıq qorg’aw zonaları suwdın’ derekleri, suwdı tartıp alıw zonaları belgilenedi.

Sanitariyalıq qorg’aw zonaları suw alıw rejeleri ashıq ha’m jer astı suw dereginen alıwı u’sh polosadan turadı: 1- polosa qatan’ rejim: 2-3 polosa xojalıq xızmetleri sheklengen rejim:

1- polosanın’ zonası ashıq suw saqlag’ıshtın’ da’rya ha’m kanallar ushın ag’ıstan joqarı qarap 200 metrden kem emes, ag’ıstan to’mengi qarap 100m. den kem bolıwı kerek. Jag’ıstan suw alıw do’geregi suw betinen 100 metrden kem bolıwı kerek. Suw saqlag’ısh ha’m ko’mirler boyınsha. Suw betinin’ qa’legen bag’darda 100 metrden kem bolmawı kerek. Joqarıda aytıp o’tkenimizdey II poyastın’ zonası sanitariyalıq qorg’aw zonanın’ suw betinen kanal ha’m da’ryalar ushın suwdın’ ortasha rasxodı 95% gazlang’an jag’dayda 3 sutkag’a jetiwi kerek. Ag’ıstın’ to’menge qarap I poyas ushın 200 metrden kem bolmawı kerek. Suw shegarasının’ qaptalları jerdin’ pa’s ba’lentligi, relefine qarap 500 metr tawlı jerlerde kanalg’a qarag’anda jerleri 500-700 metr tik jarlıqlarda 1000 metrden kem bolmawı kerek. Suw saqlag’ısh ha’m ko’mir suw betinin’ barlıq ta’replerine 3 km, hawanın’ ku’shi 10% ten kem bolsa 5 km, sanitariyalıq III poyasının’ shegarası suw ag’ısının’ joqarı ha’m to’men qarag’an da’rya, boylap, yaki bolmasa suw saqlag’ısh ko’mirdin’ usınday bag’darların II poyas ushın 3-5 km bolıw kerekligi belgili. Sanitariyalıq zonanın’ I poyası shegeraları eger jer astı suwların skvajina menen alg’anda en’ shetke suw alıwshı qurılıstan 20 m aralıqta, al eger jer astı suwları jaman saqlanatug’ın jerlerde 50 metr bolıwı tiyis. Filtratsiyası ku’shli jerlerde 150 metr, eger jabıq tu’rdegi filtratsiyalı qurılıslarda jasalma toltırılg’an 50 metr, ashıq turde 100 metr bolıwı mumkin.(A.A.Rafiqov, “Geoekologik muammolar” T. O’qituvchi 1997y)

Sanitariyalıq zonanın’ qorg’awdın’ II poyası klimatlıq jag’dayg’a baylanıslı o’zgerip turadı. Suwdın’ pataslanıwına qarap suw qorg’anı 100 den - 400 ge shekem bolıwı kerek. Sonlıqtan sanitariyalıq zonanın’ qorg’awdın’ III poyası

ximiyalıq pataslanıwdan suw qorg'ang'a deyingi eger suw alıw, bo'listiriw obektinin' 25 jıldan kem bolıwı kerek dep nızamlarda qabıllag'an.

Suw o'tkizgish qurılısları sonın' ishinde nasos stantsiyası ha'wizler bulardın' do'gereginde I poyas penen sheklengen bolıwı kerek ha'm sanitariyalıq qorg'aw poyası, zonası bolıwı kerek. II poyasta qurılıs qorg'anları sanitariyalıq qorg'aw polosalarınan sırttan jaylasıwı kerek yag'nıy aralıg'ı 100 metrden kem bolıwı kerek. Sanitariyalıq qorg'aw ko'lemi to'mendegi 3 zonag'a bo'linedi:

1. Qatan' rejim.

2. Sheklengen rejim.

3. Baqlaw zonası.

Suwdı qorg'aw zonası suw saqlag'ıshlardı, ha'wizlerdi, kanal, saylardı, magistrallıq kanal ha'm kollektorlardın' do'gereginde to'mendegi jag'daylarda ruxsat etilmeydi: yag'nıy paydalanıw ushın bul yadroximikat ha'm awırıwlar menen, ag'ash o'simlikler menen guresiwshi dari-darmaklar ko'miliwge ruxsat etilmeydi.

Yadoximikat saqlanatug'ın bo'lekler pestitsid, gerbitsid ja'ne de samolyot ushın qonatug'ın polosaları ha'm olardın' aviatsiyalıq jag'dayları ruxsat etilmeydi. Tag'ı da kanalizatsiya tazalaw qurılısları solardan jıynawshı hawizlerde ruxsat etilmeydi. Awıl xojalıq diyxanshılıq sharwashılıq komplekslerde haywanat ham quslar bag'ılatug'ın jerlerde ja'ne de taslandı taslanatug'ın jerlerde, to'gin tayarlaytug'ın qurılıslarda ruxsat etilmeydi. Transport turıwshı orın yag'nıy olarg'a may quyatug'ın punktler, olarg'a texnikalıq ja'rdem ko'rsetiwshi u'skeneler, mashina, traktor, awıl-xojalıq texnikaların juwatug'ın orınlarg'a ruxsat etilmeydi. En' ulken suw saqlag'ısh zonaları: A'miwda'rya, Sırdarya ha'm Zarafshan tag'ı basqa ulken daryalar do'gereginde joqarıda atap o'tilgen jag'daylardı paydalanıwg'a ruxsat etilmeydi. Sol ushın O'zbekstan ta'biyattı qorg'aw komiteti ha'm suw xojalıq ministirligi ta'repinen, O'zbekstan Ministler kabinetinin' qararı qabıl etildi, ha'm bulardı olar oblasttag'ı ha'kimiyatlardın' kelisimi menen qadag'alap otıradı.

Mekemeler ha’m mamleketlik ta’biyattı qorg’aw organları jobada ko’rsetilgen talaplarg’a muwapıq ekologiyalıq sanitariyalıq usınısların rayon basqarmasına berildi. Bul bir ay muddette usı zonalardı belgilep beredi. Joqarıda atap o’tkenimizdey awıl xojalıg’ında ishki suwlar ximikatlar menen pataslansa tog’aylıq jerdegiler daryalar sol ıg’ızıw natiyjesinde pataslanadı. Sebebi, ag’ashlardın’ qabıqları , shaqaları da’rya ultanına sho’gedi ha’m sol jerde shiriydi. Bul balıqlardın’ tirishiligine zıyanın tiygizip, olardın’ jasawına kesent etedi ha’m qıyınlastıradı.(X.T.Tursunov “Ekologiya asoslari va tabiyatni muhofaza qilish”Tosh.Universiteti.1997y)

Mine usınday mineral to’ginlerdin’ qaldıqları ha’m atızlardan juwılıp shıqqan pestitsidler ishki jap-salmalarg’a, kanallarg’a, darya ha’m ko’llerge, suw saqlag’ıshlarg’a tu’spekte. Bul olarda evtrofikalıq protsessti payda etip (ko’k jasıl suw otlarının’ gu’llewi) suwda kislorodtın’ jetispewine alıp keledi. Na’tiyjede olarda balıqlar qırılıp atır.

Qaraqalpaqstan Respublikasında da suwdın’ tiykarg’ı deregi bolg’an A’miwdarya son’g’ı jılları a’dewir pataslanbaqta. Sebebi, A’miwdarya suwının’ mug’darın ko’beytiw maqsetinde og’an ko’plegen kollektor-drenaj suwları taslanadı. Mısalı: SANİRİ din’ mag’lıwmatına qarag’anda ha’r jılı 7,5-8 kub km kollektor drenaj suwları A’miwdaryag’a ag’ızıladı. Usıg’an baylanıslı ol ha’zir Ta’jikstan, O’zbekstan, Turkmenstan Respublikasının’ ta’biyiy izeykeshine uqsaydı. Sebebi, A’miwdaryag’a taslanıp turg’an kollektor-drenaj suwlarının’ duzlılıg’ı 5 g/l ge jetti. Olar og’an tek duz a’kelip qoymastan atızlardan shıqqan gerbitsid ha’m pestitsidlerdi de alıp keledi. Solay etip kollektor-drenaj suwları A’miwdaryanın’ ortan’g’ı ha’m to’mengi bo’limindegi qorshap turg’an ortalıqtı (jer, suw, topıraq, o’simlik ha’m haywanat dunyasın) pataslaw menen birge adamlardın’ den-sawlıg’ında to’menletip atır.

1960-jıllarg’a shekem A’miwdaryanın’ suwının’ ha’r bir metrinde erigen duzlardın’ mug’darı 0,3 - 0,7 grammnan aspaytug’ın edi. Al, ha’zir bolsa 1,2-2,8 grammg’a jetti. Eger ishiwge paydalanatug’ın dushshı suwdın’ ha’r bir litrinde duzlardın’ mug’darı 1 grammnan aspawı kerekligin esapqa alsaq, ha’zirgi da’rya

suwın ishiw tu'we, onın' menen eginlerdi de suwg'arıwg'a bolmaydı. Sonday-aq jer astı  suwlarının' qa'ddi ba'h'a'r ha'm jaz aylarında ko'teriledi, al qıs aylarında to'men tu'sedi. Bul ko'l suwlarının' quramında biogen elementler mug'darının' ta'biyiy suwlarg'a qarag'anda anag'urlım joqarılawına alıp keledi.

Awıl-xojalıq eginlerinin' fiziologiyalıq rawajlanıwında olardın' talabı ha'm topıraqtag'ı azıqlıq elementlerdin' mug'darı esapqa alınbastan to'gin berilmese, artıqsha azıqlıq elementlerden esaplang'an azot ha'm fosfordı ta'biyiy suwlarda ko'beyiwine ha'm ulıwma suw ekosistemasının' o'zgeriwine alıp keledi. Sebebi, bunday suwlardın' quramında zıyanlı ximiyalıq birikpeler og'ada ko'p, o'ytkeni olar patas ha'm duzlı suwdın' quramında pestitsidler ko'plep ushırasadı.  Sonday-aq ha'zir Aral ten'izine A'miwdarya arqalı aytarlıqtay da'rejede taza suw tusip atırg'an joq. Bulardın' ba'ri bizin' Respublikamızda jer betindegi suwlardan awız suwg'a qatnaspastan paydalanıw mumkinshiligin ta'miyinletip atır. Respublikamızda burınları suw jeterli edi.  Son'g'ı jılları A'miwdaryanın' joqarı ha'm ortan'g'ı ag'ıslarda jan'adan jerlerdin' o'zlestiriliwine, suw saqlag'ıshlardın' qurılıwına ha'm egislik maydanlardın' ken'eyiwine  baylanıslı suwdın' jetispewshiligi sezile basladı. Bunın' ustine Qaraqum, A'miw-Buxara ha'm A'miw–Afgan kanallarının' A'miwdaryadan suwlanıwı suwdın' putkilley azayıwına alıp keldi. Sonın' ushın o'ndiristi jaylastırıwda ha'm  awıl xojalıg'ın bunnan bılay rawajlandırıwda respublika aymag'ındag'ı  suw qorların qatan' esapqa alıwmız sha'rt.(A.S.To'xtayev "Ekologiya" T.O'qituvchi.1998y)

Ko'pshilik eller ag'ısı to'men suwlardan paydalanadı. Olarda vodoprovod tarawları joq. Bunday jag'daylar bizin' aymag'ımızda da ko'p ushıraydı.  A'sirese ba'ha'r, jaz  aylarında  suwdın'  sapası to'menleydi. Bul ayırım juqpalı keselliklerdi, yag'nıy ish awırıw, sarı awırıw, su'zek, xolera ha'm basqa keselliklerdi payda etedi. Qaraqalpaqstanda bul mashqalalardı sheshiw maqsetinde Tu'yemoyın-No'kis–Taxtako'pir, Taxiatas-Qon'ırat-Qulsarı ulken diametrdegi suw o'tkizgishleri qurıldı. Olar ha'zir islep tur. Jaqın waqıtta Tu'yemoyın-To'rtkul, Kegeyli – Bozataw, Tu'yemoyın-Ellikqala ha'm U'rgenish, Man'g'ıt suw o'tkizgishleri iske qosıladı. Qon'ırat-Moynaq suw o'tkizgishi qurılıp atır. Rayon

oraylarında suw o’tkizgish tarmaqları islep tur. Sonday-aq Respublikanın’ awıllıq jerlerinde 80 ge shamalas EKOS-50 markalı suw tazalag’ısh agregatlar bar. Olar awıl xalqı ushın xızmet etpekte.

Bizin’ respublikamızda darya, ko’l, suw saqlag’ıshlar, magistral kanallardın’, kollektorlardı ha’m basqa da suw obektlerin saqlawg’a, tazalawg’a ayrıqsha dıqqat awdarılg’an. Olardı tazalaw boyınsha jan’a usıllar o’ndiriske engizilip u’skeneler ornatılmaqta. Mekeme, karxana, kontsern ha’m assotsiatsiya basshılarının’ juwapkershiligi ku’sheytirilmekte. Sonday-aq suw qatnasların retlestiriw tuwralı fizikalıq ha’m yuridikalıq ta’replerdin’ huqıqları ha’m minnetleri ko’rsetilgen, nızamlar qabıl etilgen. Bul nızamlardın’ qatarına 1992-93 jılları qabıllang’an O’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasının’ «Ta’biyattı qorg’aw haqqında», «Ayrıqsha qorg’aytug’ın ta’biyiy aymaqlar haqqında», h’a’m «Suw ha’m suwdan paydalanıw haqqındag’ı» nızamları jatadı. Olarda a’sirese «Suw ha’m suwdan paydalanıw haqqındag’ı» nızamında suw qatnasıqların retlestiriw tarawında ma’mleketlik ha’kimiyat ha’m basqarıw uyımlarının’ kompotentsiyası, suwdı paydalanıwdı ha’m qorg’awdı basqarıw, qadag’alaw, suwdan paydalanıwshılar ha’m suwdan paydalanıw obektlerin paydalanıwg’a ruxsat etiw ta’rtibi ha’m rejeleri suwdan paydalanıwshılardın’ huqıqı ha’m minnetleri, Aral ten’izi basseyninde suwdan ma’mleketler aralıq paydalanıw boyınsha dawdı sheshiw, suwdı qorg’aw, suwdı paydalanıwdı jobalastırıw, suw haqqındag’ı nızamlardı buzıwshılardın’ juwapkershiligi, xalıq–aralıq sha’rtnamalar ha’m basqa da wazıypalar belgilengen. Sonday-aq qorshap turg’an ortalıqqa baylanıslı shıg’arılg’an nızamlardın’ ha’m hukimetlik qararlardın’ fizikalıq ha’m yuridikalıq ta’repler tamanınan orınlanıwına «Aral» ta’biyattı qorg’aw prokuraturası, O’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Republikalarının’ Ta’biyattı qorg’aw boyınsha ma’mleketlik komitetleri qadag’alap otıradı. Olar o’zlerinin’ kompotentsiyasına muwapıq nızam ta’repinen talaplardı buzıwshılarg’a qarsı shara ko’redi. Suwdı pataslamawdın’ ilajlarının’ biri bul suwg’a mal sharwashılıq taslandıların taslamawdi tu’sindiriw bolıp tabıladı. Sebebi 108 mın’ shoshqa ha’m 35 mın’ bas malı bar fermanın’ suwdı pataslaw da’rejesi 400-500 mın’ adam

jasaytug’ın u’lken qalanın’ taslandısınan artıq.  Sonın’ ushın suwdı pataslamaw bizin’ wazıypamız.

## 3.1. Suwlardı o`zin o`zi tazalaw protsessi

Suw obektlerin qorg’aw ushın suwdı qorg’aw zonaları, jag’alıq zonaları, suw obektlerin sanitariyalıq qorg’aw zonaları ha’m jer u’sti ja’ne jer astı suwlarının’ payda bolıw zonaları belgilenedi. Bul zonalardın’ rejimi «Ta’biyattı qorg’aw haqqında»g’ı, «Suw ha’m suwdan paydalanıw haqqında»g’ı, «Qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlar haqqında»g’ı nızamlar menen ha’m Ministrler Kabineti ta’repinen 1992 jıl 7-aprelde tastıyıqlang’an «O’zbekstan Respublikasında suw saqlag’ıshlar menen basqa da suw derekleri, da’ryalar menen magistral kanallar, kollektorlar, sonday-aq, ishimlik ha’m xojalıq, emlew ha’m ma’deniy-salamatlastırıw maqsetlerindegi suw ta’miynatı dereklerinin’ suw qorg’aw zonaları haqqındag’ı Reje» menen belgilenedi.

Da’ryalar an’g’arlarına, suw saqlag’ıshlarg’a, kanallarg’a, kollektorlarg’a ha’m basqa da suw obektlerine tutas jaylasqan qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlar suwdı qorg’aw zonaları bolıp esaplanadı. Bul zonalar suw obektlerinin’ topıraq eroziyası shıg’ındıları menen pataslanıwının’, tıg’ılıp qalıwının’, ha’lsirewinin’ ha’m qayır tewip qalıwının’ aldın alıw maqsetinde, sonday-aq, qolaylı suw rejimin saqlap turıw ushın du’ziledi.

Jag’alıq zonalarg’a qatan’ rejimli suw qorg’aw zonası shen’berindegi qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlar kiredi.(Vernadskiy V.I “Biosfera maskva, 1997g)

Suw obektlerinin’ sanitariyalıq qorg’aw zonalarına ishimlik, xojalıq ha’m emlew-salamatlastırıw maqsetlerinde paydalanılatug’ın suw obektlerine tutasqan qatan’ rejimli qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlar kiredi.

Jer u’sti ha’m jer astı suwları payda bolatug’ın zonalarg’a da’ryalar alaplarında, alıp shıg’ıw konuslarında, taw aldı shleyflerinde payda bolg’an qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlar kiredi.

Suwdı qorg'aw zonaları, jag'alıq zonaları, suw obektlerin sanitariyalıq qorg'aw zonaları ha'm jer u'sti ja'ne jer astı suwlarının' payda bolıw zonaları O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti menen orınlardag'ı ma'mleketlik h'a'kimiyat organları ta'repinen tiyislisinshe ta'biyattı qorg'aw, awıl ha'm suw xojalıg'ı, sanitariyalıq baqlaw, geologiyalıq sho'lkemlerdin' usınısları tiykarında du'ziledi.

Suw qorg'aw zonaları shen'berinde xojalıq jumısların ju'rgiziw sheklengen boladı. Olarda ag'ash ha'm puta o'simliklerin shabıw (ku'tim ha'm sanitariya maqsetlerinde shabıwdan basqa); za'ha'rli ximikatlardan paydalanıw; za'ha'rli ximikatlar menen mineral to'ginler qoymaların qurıw; o'lgen haywanlardı ko'miw orınların du'ziw; shıg'ındılardı saqlaw ha'm ko'miw; kanalizatsiyalıq tazalaw qurılmaların ha'm ag'ındı suw toplaw orınların qurıw; sharwashılıq ha'm qusshılıq komplekslerin qurıw, sonday-aq, jerlerdi suwg'arıwda suyıq da'risten paydalanıw; avtotransport turatug'ın, janar may quyatug'ın, juwatug'ın ha'm remontlaytug'ın orınlar qurıw; neft o'nimlerin saqlaw orınların qurıw; zıg'ır, kenep, teri juwıw qadag'an etiledi.

Jag'alıq zonalarında, suw qorg'aw zonaları ushın ko'zde tutılg'an sheklewler menen qadag'an etiwlerden tısqarı, mineral ha'm organikalıq to'ginlerdi qollanıw; mal bag'ıw; suw xojalıg'ı obektlerinen basqa barlıq qurılıs tu'rleri; belgilengen orınlardan basqa jerlerde keme toqtaw orınların qurıw qadag'an etiledi.

Suw obektlerin sanitariyalıq qorg'aw obektleri ha'r qıylı rejimdegi qorg'aw poyaslarına bo'linedi. (Varontsov A.I, Xartanova N.Z "Oxrana prirodi" Maskva 1977g)

Da'rya an'g'arların o'zgertiw, suw obektlerinin' jag'dayına ta'sir etetug'ın paydalı qazılmalar qazıp alıw ha'm basqa da jumıslar tek ta'biyattı qorg'aw, awıl ha'm suw xojalıg'ı organlarının', sonday-aq, geologiyalıq sho'lkemlerdin' ruxsatı menen g'ana a'melge asırıladı.

Xojalıqlar aralıq jer du'ziw jumısların ju'rgiziwde ha'm elatlı punktler aymag'ın jobalastırıwda suw qorg'aw zonaları, jag'alıq zonaları menen suw obektlerin sanitariyalıq qorg'aw zonalarının' shegaraların o'zgertiw ma'selesi

ta’biyattı qorg’aw, awıl ha’m suw xojalıg’ı, sanitariyalıq baqlaw organları menen kelisilgen bolıwı kerek.

Suw qorg’aw zonaları menen jag’alıq zonaları rejimi jer u’sti ha’m jer astı suwları payda bolatug’ın zonalarg’a da tiyisli.

Suwdı qorg’aw zonaların, jag’alıq zonaların, suw obektlerin sanitariyalıq qorg’aw zonaların ha’m jer u’sti ja’ne jer astı suwlarının’ payda bolıw zonaların qorg’aw ta’rtibi ha’m sha’rtleri O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti ta’repinen belgilenedi.

Suw qorg’aw zonasına tiyisli jerler (da’ryalar, suw saqlag’ıshlar ha’m basqa da suw derekleri, magistral kanallar menen kollektorlar, gidrouzeller, nasos stantsiyaları ha’m suw ta’miynatı menen mineral suwlar dereklerin sanitariyalıq qorg’aw zonalarının’ birinshi poyasınan basqa) jer iyelewshi ha’m jerden paydalanıwshı awıl xojalıq ha’m basqa ka’rxanalardan, mekemeler menen sho’lkemlerden, sonday-aq, puqaralardan alıp qoyılmaydı, al olar usı jerlerden belgilengen talaplardı saqlag’an halda paydalanadı.

Da’ryalardın’, suw saqlag’ıshlardın’, ha’wizlerdin’, magistral, xojalıqlar aralıq kanallar menen kollektorlardın’, gidrouzellerdin’, nasos stantsiyalarının’ ha’m basqa da suw qurılıslarının’ jag’alıq zonaları Xalıq deputatları Ken’eslerinin’ sheshimi menen alıp qoyıladı ha’m olardan aqılg’a muwapıq paydalanıw ushın za’ru’r ta’biyattı qorg’aw ha’m basqa da ilajlardı ta’miyinlew maqsetinde obektlerdin’ tiyisliligine qarap ka’rxanalarg’a, mekemeler menen sho’lkemlerge bekitiledi.

Suw ta’miynatı menen mineral suwlar dereklerin sanitariyalıq qorg’aw zonalarının’ (okruglerinin’) birinshi poyasları jer uchastkaları menen qosa suw toplaw ha’m basqa da qurılmalardı qurıw ushın usı qurılmalardan paydalanıwshı ka’rxanalarg’a, mekemelerge ha’m sho’lkemlerge belgilengen ta’rtipte beriledi.

Suw qorg’aw zonalarının’ eni suw saqlag’ıshlardın’ maqsetlerinen, olarg’a tutas jerlerdin’ sıpatlamasınan ha’m xojalıq maqsetlerinde qollanılıwınan, orınlardın’ relefinen kelip shıg’ıp belgileniwi ha’m to’mendegi o’lshemlerde bolıwı tiyis:

- u’lken suw saqlag’ıshlar a’tirapında (sıyımlılıg’ı 1,1 kub.kilometrden 10 kub. kilometrge shekem) - 300-500 metr;
- ortasha suw saqlag’ıshlar a’tirapında (sıyımlılıg’ı 0,6 kub.kilometrden 1 kub. kilometrge shekem) - 200 - 300 metr;
- kishi suw saqlag’ıshlar a’tirapında (sıyımlılıg’ı 0,2 kub.kilometrden 0,5 kub. kilometrge shekem) - 100 - 200 metr;
- ju’da’ kishi suw saqlag’ıshlar a’tirapında (sıyımlılıg’ı 0,1 kub.kilometrden kem bolg’an) - 100 metrge shekem.

Da’ryalar, saylar ha’m jılg’alardın’ suw qorg’aw zonalarının’ eni olarg’a tutas jerlerdin’ geomorfologiyalıq, gidrogeologiyalıq sharayatların, qollanılıw xarakterin ha’m ortasha ko’p jıllıq sarplaw mug’darın esapqa alg’an halda to’mendegi o’lshemlerde belgilenedi:

- u’lken da’ryalarda (suw sarpı sekundına 100 kub. metrden joqarı) - 300-500 metr;
- ortasha da’ryalarda (suw sarpı sekundına 5 kub. metrden 100 kub. metrge shekem) - 100-300 metr;
- kishi da’ryalarda (suw sarpı sekundına 2 kub.metrden 5 kub. metrge shekem) - 50-100 metr;
- ju’da’ kishi da’ryalarda, saylarda (suw sarpı sekundına 2 kub. metrge shekem) - 50 metrge deyin.

Suw saqlag’ıshlar menen basqa da suw dereklerinin’ suw qorg’aw zonası shen’berinde jag’alıq zonası belgilenip, ol jerde qatan’ıraq rejim ornatıladı.

Jag’alıq zonalarının’ minimal ko’lemleri suw saqlag’ıshlarg’a tutas jerlerdin’ (su’rim jerler, otlaqlar ha’m t.b.) tu’rlerine ha’m janbawırlardın’ tikjarlıg’ına qarap suw saqlag’ıshlardın’ sıyımlılıg’ın esapqa alg’an halda belgilenedi.

Su’rim jerlerde, ko’p jıllıq o’simlikler o’setug’ın jerlerde, tog’ay maydanlarında ha’m ag’ash-puta o’simlikleri o’setug’ın jerlerde jag’alıq zonaları janbawır tikjarlıg’ı 3 gradusqa shekem bolg’anda - 55 metrge shekem, 3 gradustan 8 gradusqa shekem bolg’anda - 35-40 metr dep belgilenedi. Tikjarlıq 8 gradustan artıq bolg’anda jag’alıq zonalarının’ eni ha’r bir konkret jag’dayda o’z aldına

belgilenedi. Barlıq jag'daylarda da jag'alıq zonasının' eni suw sızıg'ına shekem 20 metrden kem bolmag'an o'lshemde belgilenedi.

Da'ryalardın' pu'tin uzınlıg'ı boylap suw qorg'aw zonasının' eni onın' ha'r bir bo'legindegi suw ag'ımının' sarpına qarap belgilenedi.

A'miwda'rya menen Sırda'rya ha'm olardın' tarmaqlarındag'ı suw saqlaw zonalarının' o'lshemleri suw xojalıg'ın joybarlaw sho'lkemleri ta'repinen islep shıg'ılg'an joybarlar boyınsha belgilenedi.

Da'ryalar menen saylardın' jag'alıq zonalarının' eni ortasha ko'p jıllıq suw sızıg'ınan baslap o'lshenedi ha'm da'ryalarda olarg'a tutasqan paydalanılatug'ın jerler ha'm jag'a janbawırlarının' tikjarlıg'ına qarap to'mendegishe belgilenedi:

- su'rim jerlerde ha'm ko'p jıllıq o'simlikler o'sken jerlerde janbawır tikjarlıg'ı 3 gradusqa shekem bolg'anda - 35-55 metr h'a'm 3 gradustan joqarı bolg'anda - 55-100 metr;
- otlaqlar menen jaylawlarda janbawır tikjarlıg'ı 3 gradusqa shekem bolg'anda - 25-35 metr h'a'm 3 gradustan joqarı bolg'anda - 35-50 metr;
- tog'ay maydanlarında ha'm ag'ash-puta o'simlikleri o'sken jerlerde janbawır tikjarlıg'ı 3 gradusqa shekem bolg'anda - 35-55 metr ha'm 3 gradustan joqarı bolg'anda - 55-100 metr.

Bul o'lshemlerdin' maksimal da'rejesi ju'da' joqarı da'rejede eroziyag'a ushırag'an topıraqlarg'a tiyisli boladı.

Magistral kanallar menen kollektorlardın' suw qorg'aw zonalarının' eni olarg'a tutas jerlerdin' geomorfologiyalıq, gidrogeologiyalıq sharayatların, qollanılıw xarakterin esapqa alg'an h'alda ajıratıw sızıg'ınan baslap to'mendegi o'lshemlerde belgilenedi:

- magistral kanallar ushın (sekundına 50 kub.metr suwdan 100 kub. metrge shekem), kollektorlar ushın (sekundına 10 kub.metrden 20 kub. metrge shekem - 100 metr;
- magistral kanallar ushın (sekundına 100 kub.metrden 150 kub. metrge shekem) ha'm kollektorlar ushın (sekundına 20 kub. metrden 50 kub. metrge shekem - 200 metr;

- magistral kanallar ushın (sekundına 150 kub. metrden joqarı) ha’m kollektrlar ushın (sekundına 50 kub. metrden joqarı) - 300 metr.

Jer u’sti ha’m jer astı suw dereklerinin’ suw alatug’ın orındag’ı sanitariyalıq qorg’aw zonası u’sh poyastan ibarat boladı:

- birinshi - qatan’ rejimli poyas;
- ekinshi ha’m u’shinshi – xojalıq jumısların sheklew rejimi.

Jer u’sti suw dereklerinin’ sanitariyalıq qorg’aw zonası suw alıw ornınan to’mendegi qashıqlıqta belgilenedi:

***a) da’ryalar menen kanallar ushın:***

- da’ryanın’ o’rine qarap - keminde 200 metr;
- da’ryanın’ ıg’ına qarap – keminde 100 metr;

***b) suw saqlag’ıshlar menen ko’ller ushın***:

- barlıq bag’darlardag’ı akvatoriyalar boylap - keminde 100 metr;
- suw alıw ornına tutas jag’a boylap – suw saqlag’ıshta suw qa’ddinin’ normal jag’dayında ha’m ko’lde jazg’ı-gu’zgi ma’wsimde suw az bolg’an da’wirdegi suw sızıg’ınan keminde 100 metr.

Suw qorg’aw zonalarının’ shegaraları:

- magistral kanallar menen kollektorlar, sonday-aq, rayonlıq a’hmiyettegi suw xojalıg’ı obektleri boyınsha - rayonlıq ha’kimiyatlar ta’repinen;
- da’ryalar, magistral kanallar menen kollektorlar, suw saqlag’ıshlar ha’m basqa da ha’wizler boyınsha (keyingi abzatsta ko’rsetilgen obektlerden basqa) - wa’layatlıq h’a’kimiyatlar ta’repinen;
- A’miwda’rya (Surxanda’rya tarmag’ı menen qosa), Sırda’rya (Qarada’rya, Narın ha’m Shırshıq, Zarafshan tarmaqları menen qosa), wa’layatlar aralıq ha’m respublikalar aralıq kanal ha’m kollektorlar, respublikalıq a’hmiyettegi kurortlar menen sanatoriylerdegi mineral suw derekleri ha’m basqa da emlew quralları boyınsha – O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti ta’repinen belgilenedi.

Tashkent qalası ha’m wa’layatlıq a’hmiyettegi qalalar aymaqlarınan o’tetug’ın da’ryalar, saylar, magistral kanallar menen kollektorlardın’ suw qorg’aw

zonaları tiyisli ha’kimiyatlar ta’repinen belgilenedi(.P.Baratov “Tabiyatni muhofaza qilish” T. O’qituvchi 1991)

## 3.2. Qaraqalpaqstan Respublikası suw ha`wizlerinin` biotası ha`m suwlardı tazalawda a`hmiyeti

Qaraqalpaqstan Respublikası aymag’ında en’ iri da’ryalar qatarına to’mendegiler kiredi. Olardan Tu’yemoyın suw saqlag’ıshınan baslap To’rtkul, Ellikqala, Beruniy, A’miwdarya, Xojeli, Qanlıkol, Qon’ırat, Bozataw, No’kis ha’m Moynaq rayonlarınan o’tip turg’an, ulıwma maydanı suw qorg’aw zonası boyınsha 41,875 ga bolg’an, al jag’alıq polosası boyınsha 4500 ga bolg’an en’ iri darya bul A’miwdarya bolıp esaplanadı. Usı belgilengen maydanlarda da’rya suwın pataslawshı, pataslaw mumkinshiligi bolg’an eginler yamasa ximiyalıq preparatlar, barlıq yadoximikatlar tu’rleri, mineral  to’ginler paydalanıw mumkin bolg’an eginler ja’nede o’ndiris ka’rxanaları, mal ha’m qus fermaları ha’m tag’ı basqa suw dereklerin pataslawshı obektlerdi jaylastırıw putkilley qadag’an etiledi.

Respublika aymag’ında keyingi 5 jıl ishinde bunday obektlerdin’ 26 sı basqa orınlarg’a ko’shirilgen. Ele de bul jumıslar Qaraqalpaqstan Respublikası «Ta’biyattı qorg’aw» boyınsha ma’mleketlik komiteti ta’repinen qatan’ qadag’alawg’a alıng’an ha’m tiyisli jumıslar alıp barılmaqta. Bizin’ respublikamız aymag’ında magistral kanallardı qorg’awg’a ju’da u’lken a’xmiyet berilgen. Bul magistral kanallar qatarına qubla rayonlarda yag’nıy To’rtkul, Ellikqalada jaylasqan kanallar  kiredi. Bulardan Paxta-arna onın’ suw qorg’aw zonası 778 ga, al jag’alıq polosası 130 ga, Bag’jap kanalının’ suw qorg’aw zonası 463 ga, l jag’alıq polosası 77 ga. Pravoberejnaya kanalının’ suw qorg’aw zonası 1236 ga, jag’alıq polasası 206 ga bolıp esaplanadı.

Usı  qorg’aw zonası belgilengen maydanlarda za’ha’rli ximikatlardı qollanıw, mineral to’ginlerdi saqlaytug’ın skladlardı salıw, may menen zapravka quyıw, juwıw h’a’m transporttı on’law Qaraqalpaqstan Respublikasının’ Ministrler ken’esi ta’repinen qadag’an etiledi.

Solay etip suw basqarıw sistemasının’ belgilewinshe paxta-arna magistaral kanalının’ ulıwma suw qorg’aw zonası 2477 ga, jag’alıq polosası 413 ga bolıwı kerek. Sonday–aq Shomanay, Xojeli, Qanlıko’l, Qon’ırat rayonlarında jaylasqan Suwenli kanalının’ suw qorg’aw zonası 1891 ga, jag’alıq polosası 315 ga. Parallel kanalı onın’ suw qorg’aw zonası 1310 ga, jag’alıq polosası 218 ga, Kindik o’zek kanalının’ suw qorg’aw zonası 311 ga, jag’alıq polosası 52 ga, Shomanay kanalının’ suw qorg’aw zonası 285 ga, al jag’alıq polosası 48 ga dep esaplanadı.

Solay etip Suwenli kanalının’ suw basqarıw sistemasının’ belgilewinshe onın’ ulıwma maydanı 3797 ga, al jag’alıq polosası  633 ga bolıwı kerek. Ja’ne de Qızketken kanalının’ suw qorg’aw zonası 297 ga, jag’alıq polosası 48 ga. Parallel kanalı suw qorg’aw zonası 273 ga, jag’alıq polosası 45,6 ga, Kegeyli kanalı suw qorg’aw zonası 1725 ga, jag’alıq polosası 287, 5 ga, Quwanısh jarma suw qorg’aw zonası 2600 ga, jag’alıq polosası 433,3 ga, Abat jarg’ısh kanalının’ suw qorg’aw zonası 281 ga, jag’alıq polosası 46,8 ga. Leninabad suw qorg’aw zonası 364 ga, jag’alıq polosası 60,6 ga. Bul aytılıp atırg’an kanallar No’kis ha’m Kegeyli rayonları, Shımbay, Qarao’zek, Taxtako’pir rayonlarında jaylasqan. Qızketken kanalının’ ulıwma suw qorg’aw zonası 5537 ga, al jag’alıq polosası 928,8 ga.

Risovıy kanalının’ suw qorg’aw zonaları 1116 ga, jag’alıq polosası 186 ga, Bozataw kanalının’ suw qorg’aw zonası 944 ga, jag’alıq polosası 157, 3 ga. Tas-arna kanalının’ suw qorg’aw zonası 184 ga, jag’alıq polosası 30,6 ga. Ulıwma No’kis rayonı ha’m Kegeyli rayonlarında jaylasqan bul kanallardın’ jer maydanı suw qorg’aw zonası boyınsha 2244 ga, al polasası 374 ga. Moynaq, Qon’ırat rayonlarında jaylasqan Ra’wshan kanalının’ suw qorg’aw zonası 1836 g, jag’alıq polosası 306 ga. Al Tallıq kanalının’ suw qorg’aw zonası bolsa 451 ga, jag’alıq polosalı 75,2 ga. Suw basqarıw sisteması boyınsha Tallıq kanalının’ ulıwma suw qorg’aw  zonası 228,7 ga, jag’alıq polosası 381,3 ga boladı dep esaplanadı. Solay

etip, ulıwma Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha magistral kanallardın' maydanı suw qorg'aw zonası boyınsha 1634 ga, jag'alıq polosa boyınsha 2723,6 ga dep esaplatılg'an.

Respublikamızdın' aymag'ında sonday-aq xojalıq aralıq kanallarg'a da suw qorg'aw zonası rejimi ornatılg'an. Olardan: To'rtkul, rayonlarında jaylasqan: A'miwdarya, To'rtkul, Ellikqala suw qorg'aw zonasının' 901 ga, jag'alıq polosası 150, 2 ga. A'mirabad kanalının' suw qorg'aw zonası 88 ga, jag'alıq polosası 14,7 ga. Man'g'ıt arqa kanalının' suw qorg'aw zonası 212 ga, jag'alıq polosası 353,3 ga. Shomanay suw qorg'aw zonası 652 ga, jag'alıq polosası 108,6 ga, Kindiko'zek 187 ga, jag'alıq polosası 31,2 ga. Ulıwma Shomanay kanalının' suw qorg'aw zonasının' maydanı 839 ga, jag'alıq polosası 139,8 ga. May-jap kanalının' suw qorg'aw zonası 377 ga, jag'alıq polosası 62, 8 ga. Kegeyli suw qorg'aw zonası 302 ga, jag'alıq polosası 33,7 ga, Ulıwma Shımbay kanalının' suw qorg'aw zonasının' maydanı 579 ga, jag'alıq polosası 96,5 ga. Staxanov arqa kanalının' suw qorg'aw zonası 80 ga, jag'alıq polosı 13,3 ga, Esim-o'zek kanalının' suw qorg'aw zonası 820 ga, jag'alıq polosası 136,6 ga. Quwanısh jarma 371 ga, jag'alıq polosası 61,8 ga, Telman kanalının' suw qorg'aw zonası 129 ga, jag'alıq polosası 219 ga. Temir jap kanalının' suw qorg'aw zonası 179 ga jag'alıq polosası 29,8 ga. Batraq jap suw qorg'aw zonası 138 ga, al jag'alıq polosası 23 ga. Boz jap kanalının' suw qorg'aw zonası 448 ga, jag'alıq polosası 74,7 ga.

Ulıwma Taxtako'pir rayonında jaylasqan kanallarının' suw qorg'aw zonası 1266 ga, jag'alıq polosası 210,8 ga Kegeyli rayonındag'ı Erkin da'rya kanalının' suw qorg'aw zonası 1034 ga, jag'alıq polosası 172,3. Risovıy kanalının' suw qorg'aw zonası 166 ga, jag'alıq 277 ga. Solay etip respublika aymag'ında jaylasqan xojalıq aralıq magistral kanallardın' suw qorg'aw zonası 5984 ga, jag'alıq polosası 997,3 ga. No'kis rayonı, Kegeyli, Shımbay, Taxtako'pir, Qarao'zek rayonlarında jaylasqan kollektorlar sanı og'ada ko'p. Olardan aytıp o'tsek KS-I kollektorı, onın' suw qorg'aw zonası 2280 ga jag'alıq polosası 370 ga, Ks-3 markalı kollektor – onın' suw qorg'aw zonası 3074 ga, jag'alıq polosası 512,3 ga. Vostochnıy kollektorının' suw qorg'aw zonası 5455 ga, jag'alıq polosası

909,2 ga. Respublika aymag'ında jaylasqan xojalıq aralıq kollektorlar og'ada ko'p. Xojeli rayonında jaylasqan Pogranichnıy kollektorının' suw qorg'aw zonası 72 ga, al jag'alıq polosası 13, 2 ga. XKS kollektorının' suw qorg'aw zonası 32 ga, jag'alıq polosası 5,3 ga. Raykollektor suw qorg'aw zonası 243 ga, jag'alıq polosası 40,5 ga, EK-I markalı kollektorının' suw qorg'aw zonası 196 ga, jag'alıq polosası 32, 7 ga.

Ulıwma Xojeli rayonının' xojalıq aralıq kollektorının' ulıwma maydanının' suw qorg'aw zonası 550 ga jag'alıq polosası 91,7 ga, KS-5-50 kollektorının' suw qorg'aw zonası 181 ga, jag'alıq polosası 30,2 ga. KS-I-4 kollektorı suw qorg'aw zonası 151 ga jag'alıq polosası 25,2 ga. Shortanbay kollektorının' suw qorg'aw zonası 466 ga, jag'alıq polosası 77,5 ga.

Ulıwma No'kis rayonında jaylasqan kollektorlardın' ulıwma jer maydanı 789 ga al jag'alıq polosası 138 ga boladı. Kollektor KS suw qorg'aw zonası 761 ga jag'alıq polosası 126,8 ga, ol Qarao'zek rayonında jaylasqan. Respublika boyınsha kanal ha'm kollektorlardın' suw qorg'aw zonası 23890 ga, al jag'alıq polosası 4981,7 ga boladı, yag'nıy kanaldın' suw qorg'aw zonası 22326 ga, al jag'alıq polosası 3721 ga, al kollektordın' suw qorg'aw zonası 7564 ga, jag'alıq polosası 1260,7 ga boladı dep esaplang'an.(Gaev Ya. Samara "Nashi sledi v prirodi" Maskva 1991g)

## 3.3. Respublika aymag'ında suw resurslarin qorg'awdın' ha'zirgi jag'dayları

Suw tawsılmaytug'ın ta'biyiy resurslardın' biri bolıp esaplanadı. Ol jer betinde jasaytug'ın tiri organizmlerdin' tirishiligi ushın en' za'ru'r narse. Da'ryalardın', ko'llerdin', suw saqlag'ıshlardın', kanallardın', kollektorlardın' ha'm basqada suw obektlerdin' saylarına irgeles aymaq suw qorg'aw zonası dep tanıladı. Aral ten'izi aymag'ında ekologiyalıq krizistin' payda bolıwına baylanıslı ja'miyetimizdin' o'ndirislik qatnasıqların rawajlandırıwda, xalıqtın' sotsial

ekonomikalıq turmısın jaqsılawda, sonın’ menen qatar den-sawlıg’ın bekkemlewde, qorshag’an ta’biyiy ortalıqtın’ baylıqların, sonın’ ishinde suw qorların qorg’aw ha’m onnan aqılg’a ug’ras paydalanıw ma’selesi bugingi kunnin’ en’ a’hmiyetli ma’selelerinin’ biri bolıp qalmaqta.

Suw qorların qorg’aw ha’m onnan aqılg’a ug’ras paydalanıw ma’selesi, ko’p jaqlı mashqala bolıp o’z ishine texnikalıq, sotsial-ekonomikalıq den-sawlıq, bioekologiyalıq ilajlardı qamtıydı. Bul mashqalalardı sheshiwde Qaraqalpaqstan Respublikası «Ta’biyattı qorg’aw haqqında» g’ı, «Suw ha’m suw dan paydalanıw haqqında» g’ı, «Ayrıqsha qorg’alatug’ın ta’biyiy aymaqlar haqqında» g’ı nızamları menen O’zbektan Respublikasında suwdan paydlanıwdı limitlestiriw haqqındag’ı (№385 3.08.1993 j) h’a’m darya magistral kanallardın’ suw qorg’aw zonaları tuwralı rejeni tastıyqlaw haqqındag’ı (7.04.1992 j №174) O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ qararları tiykarg’ı h’u’jjet bolıp esaplanadı.

Son’g’ı jıllarda (1960-1990) Aral basseyni aymag’ında awıl xojalıg’ının’ keskin turde rawajlandırılıwı menen suw qorlarınan paydalanıwdın’ progressiv texnologiyasının’ kem o’ndiriliwine baylanıslı, bul aymaqta suw qorlarının’ kemtarshılıg’ı aytarlıqtay da’rejede seziliwi menen qatar da’rya suwının’ ha’r turli da’rejede pataslanıwına jol qoyılmaqta. A’miwdarya basseyninde suwg’arıp egiletug’ın egislik maydanlarının’ bir neshe ma’rtebe artıwı na’tiyjesinde, onın’ aymag’ında kollektor drenaj ha’m sanaat shıg’ındı suwlarının’ ko’lemi sonsha ma’rtebe ko’beyiwine alıp keldi. Tek kollektor-drenaj suwlarının’ mug’darı bu’gingi ku’nde 12-13 mlrd. kub metrdi ha’m onın’ 40-50 payızı tikkeley A’miwdaryag’a taslang’anlıqtan, onın’ suwının’ ha’r tu’rli awır metallar ha’m za’ha’rli ximiktlardın’ (pestitsid qaldıqları) sonday-aq mineral to’ginlerdin’ ionlı qaldıqları menen pataslanbaqta.

Qaraqalpaqstan ha’m Xorezm walayati aymag’ınan daryag’a jıl sayın 350-400 mln kub metr izeykesh suwları tu’sip pataslamaqta. Bul zonadag’ı en’ ulken Beruniy kollektorınan 1995 jılı – 224.6, 1996 jılı 134,9 mln. kub metr izey suwlar da’ryag’a jiberildi. Onın’ ortasha duzlılıg’ı 2,0-4,55 g/l di quraydı. A’miwdarya basseyninde payda bolg’an quramalı suw xojalıq balansı da’rya suwının’ kushli

da’rejede pataslanıwına alıp keledi. «O’zbekstan Gidrometxızmet» bas basqarmasının’ mag’lıwmatların analizlep qarag’anımızda 1965-jılg’a shekem da’ryag’a kollektor-drenaj suwları taslanbay turg’an da’wirlerde, onın’ suwının’ ximiyalıq quramı tikkeley suw rejimine baylanıslı bolıp, onın’ mineralizatsiyası suwdın’ tasıw dawirinde (may, avgust) en’ az da’rejede 300-400 mg/l, al qaytıw da’wirinde (yanvar, fevral) 760-880 mg/l do’gereginde bolg’an.

Al Qaraqalpaqstan aymag’ında Samanbay gidropostında da’rya suwının’ mineralizatsiyası 1960-jılı ortasha 540 mg/l, 1970-jılı 626 mg/l bolg’an bolsa, ol 1990-jılı 1203 mg/l ge, 1996-jılı 1250 mg/l ge, al usı jıldın’ ba’ha’r aylarında 1600-1700 mg/l ge shekem ko’teriledi. Bul o’z gezeginde Respublikamızdın’ suwg’arılıp egiletug’ın jerlerinin’ shorlanıw da’rejesinin’ artıwına sebepshi faktorlardın’ biri bolıp qalmaqta. Da’rya suwının’ duzlılıg’ının’ artıwı ha’m kollektor tarmaqlarının’ effektivli keliwi na’tiyjesinde 1995-jılı 1 mln. 329 mın’ tonnadan aslam duz atızlarda toplanıp qalg’an. Na’tiyjede Respublikamızdın’ suwg’arılıp egiletug’ın 501,2 mın’ gektar jerdin’ 92,8 % ha’r-tu’rli da’rejede shorlanıwg’a ushırag’an(Qaraqalpag’istan Respublikasi tabiyatti qorg’aw boyinsha ma’mleketlik’ komitetnin’ materiallari ha’m esaplawlari.2008-2012jj)

Joqarıdag’ı faktlerge qaramastan, A’miwda’ryanın’ Respublika aymag’ın kesip o’tetug’ın son’g’ı bo’liminde onın’ suwının’ pataslanıwın qorg’aw ha’m durıs paydalanıwdı qadag’alawda ta’biyattı qorg’aw boyınsha ma’mleketlik komitettin’ xızmetkerleri ha’m tiyisli mekemeler, ministrler ta’repinen son’g’ı 5 jıllıqta bir qatar jumıslar islendi.(Gladkov N.A “Oxrana prirodi” Maskva 1969g)

Atap aytqanda 1990-jılı Tu’yemoyın gidrouzelinin’ to’mengi bo’limlerinde da’ryag’a 17 jerden kollektor-drenaj suwları taslanıp turg’an bolsa olardın’ sanı 1996-jılı 8 ge kemeydi ha’m da’ryag’a tu’setug’ın izey suwlardın’ mug’darı 38 mln. kubometrge azaydı. Beruniy, Xojeli, No’kis ha’m Qanlıko’l rayonları aymaqlarınan taslanıp turg’an izeykesh suwları toqtatıldı. Nayman kolxozı aymag’ında da’rya izey suwların aydawshı 2 SİP 500/100 ha’m izey suwlar temir jol polotnosı astına qurılg’an dyuker arqalı rayonlıq kollektorg’a qosıladı.

Ha'zirgi waqıtta Beruniy kollektorının' suwların da'ryag'a taslawdı toqtatıw ha'm Aqshada'rya kollektorına burıw maqsetinde «Aral suw qurılısı» AKB ta'repinen 1991-jıldan beri rekonstrutsiyalaw ha'm qazıw jumısları islenbekte. Bul iske tusirilgen waqıtta bizin' aymaqta da'ryag'a taslanıp turg'an izey suw mug'darı ha'zirgiden 90-95 % ke shekem azayadı. Respublikamız shegarasında A'miwdarya suwın pataslanıwdan qorg'aw ha'm suw qorg'aw zonaları menen jag'alıqtag'ı polosalardı ornatıw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esi 1991-jılı 22-oktyabrde № 270/ 10 qararı qabıllandı. Bul qarardın' I punktinde daryanın' eki jag'asında 500 metrlik suw qorg'aw zonası menen 50 metrlik jag'alıq polosanı ornatıw tastıyqılanıldı, h'a'm onın' maydanı 41,9 mın' ga ekenligi atap ko'rsetildi, bunın' 4,5 mın' gektarı jag'alıq polosada jaylasqan. Bul qarar suw qorg'aw zonasında jaylasqan, suw rejimine zıyanlı ta'sir jasawshı 23 obektti 2-3 jıldın' ishinde ko'shiriw kerekligi atap ko'rsetilgen edi. Bugingi ku'nde inspektsiya xızmetkerleri ta'repinen onın' 17 si bul zonadan shıg'arıldı. Olardın' qatarında 9 mal ferması, 3 texnikalardı on'law ustaxansı, 1 gerbish tsex ha'm tag'ı basqa obektler bar.

1992-jılı 19-noyabrde Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' «Daryanın' suw qorg'aw zonaları tuwralı rejimi» tastıyıqlanılg'an O'zbekstan Respublikası Ministler Kabinetinin' 1992-jılı 7-apreldegi №174 qararı h'aqqında № 273/11 qararın qabıl etti. Onın' II punktinde «Qaraqalpaqstan suw xojalıg'ı» o'ndirislik birlespesine, awıl xojalıq ministirligine, rayon ha'kimlerine, ta'biyattı qorg'aw ha'm tog'ay xojalıg'ı boyınsha ma'mleketlik komiteti menen birgelikte 1992-93-jıllarda suw qorg'aw zonaların ha'm qadag'alaw polosaların ornatıwda ta'miyinlewin atap ko'rsetken edi. Biraq Qaraqalpaqstan Respublikası bo'liminin' daryanın' suw qorg'aw ha'm jag'alaw polosanın' maydanının' 41,9 mın' gektar ekenligin anıqlawına qaramastan, bul jumıs yuridikalıq jaqtan tolıq sheshilmey qaldı.

Awıl ha'm suw xojalıg'ı ministirligi dereklerin alıng'an suw ko'lemine A'miwdarya basseyni suw xojalıq birlespesi menen esap-sanaq islerin alıp baradı. A'miwdarya BSB ma'limlemesi boyınsha 1995-jılg'ı dereklerden 695,5 mln

kubometr suw limitten kem alıng'an. Al, 1996-jılı 70,2 mln kubometr suw lemitten artıq alıng'an, al 1997-jılı jerlerdi shayıp suwg'arıw da'wirinde bolsa 1878 mln kubometr suw artıp alıng'an. «Suw ha'm suwdan paydalanıw» nızamı talapları boyınsha suwlar belgilengen tartipte sistemalıq suwdan paydalanıw jobasına muwapıq kalendarlıq limitler tiykarında respublika xojalıqlarının' egislik jerlerine jetkizilip barılıwı tiyis. Lekin bulardın' orınlanbawı natiyjesinde joqarıda atalg'an nızamnın' 7, 30, 35 bantleri buzılg'an.

Usının' natiyjesinde Paxta-arna sistemasında 117,3 Upradik sistemasında 235 mln kubometr suw limitten artıq alıng'an, bir waqıtta, Qızketken, Suwenli kanal sistemaları 850 mln kubometr suw kem alıng'an. Bunın' o'zi o'z gezeginde jerlerdin' shorın sapalı etip shayıp suwg'arıwdın' rejiminin' buzılıwına sebep bolmaqta. Solay etip awıl ha'm suw xojalıg'ı ministirligi tarepinen «Suw ha'm suwdan paydalanıw haqqındag'ı» nızamının' 9–bantinin' ha'm O'zbekstan Respublikasında miynetti retlestiriw haqqındag'ı № 385 qararının' buzılg'anlıg'ınan derek beredi.

Moynaq rayonı aymag'ında jaylasqan Xorezm kolxozının' xojalıqlarında suwdan paydalanıw ha'm qorg'aw barısın teksergende nızam talapları turpayılıq penen buzılıwı faktleri anıqlanadı. Bul jerde Qızıljar suw xojalıg'ı uchastkası duzilgen. Biraq da'ryadan alınatug'ın suwg'a esap-sanaq jurgizilmeydi. Olar ta'repinen paydalanıp atırg'an suw mug'darı, Aral boyı sanitariya epidemiyalıq jag'dayların jaqsılawg'a bag'darlang'an suwdın' esabınan jurgizilmekte. Sonday-aq A'miwdarya komitet kelisimsiz boget basqanlıqtan, bunday faktler Moynaq rayonın' aymag'ında ko'llerdi suwlandırıw, ta'biyiy ortalıqtı ko'gallandırıw maselesine ko'birek ta'sirin tiygizbekte. Qaraqalpaqstan Respublikası suw qorların qorg'aw ha'm onnan paydalanıw boyınsha mamleketlik inspektsiyası Tu'yemoyın gidrouzelinen da'ryanın' to'mengi bo'liminde suwdan durıs paydalanıwdı qorg'aw, ta'biyiy suw rejimin saqlaw ushın birqansha usınıslar qararlar berilip atır.

O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' 2007-jıl №27 sanlı qararına muwapıq «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Kenesinin' 2007-jıl 23-fevral sa'nesindegi №22/2 sanlı A'miwdarya daryasının' suw qorg'aw zonasın belgilew

tuwralı» qararının’ orınlanıw talabı boyınsha Suw qorg’aw zonasınan alıp shıg’ılıwı tiyisli ekologiyalıq jaqtan qawipli  bolg’an 18 xojalıq jurgiziwshi subektiler ha’m  jeke menshik qurılıslar ha’m t.b. Qaraqalpaqstan Respublikası Ta’biyattı qorg’aw boyınsha mamlekektlik komiteti ta’repinen du’zilip tastıyıqlang’an Reje Qaraqalpaqstan Respublikası «Awıl ha’m suw xojalıg’ı» ma’seleleri boyınsha sekretariyatı ha’m Respublikası «Awıl ha’m suw xojalıg’ı» ministrligi menen kelisilgen tiykarında 2009-2012 jıllar aralıg’ında alıp shıg’arılıw jobalastırılg’an.

Sonnan atap aytqanda A’miwdarya rayonı boyınsha 11, Beruniy rayonı boyınsha 5 ha’m Ellikqala rayonı boyınsha 2 xojalıq jurgiziwshi subektiler bolıp tabıladı.

Ulıwma  A’miwdarya daryasının’ jag’alıg’ındag’ı jaylasqan fermer xojalıqlarının’ No’kis, Xojeli ha’m Moynaq rayonlıq Ha’kimiyatının’ sheshimi ha’m qabıllang’an qararına muwapıq 11 fermer xojalıqlarının’ jer maydanı mamleketlik jer qorı esabına 1127,2 ga jer maydanı o’tkerilgen ha’m is ha’reketleri toqtatıldı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, joqarıda ko’rsetilgen qarardın’ orınlanıw barısı 2007-2012-jıllarg’a shekem qadag’alawg’a alıng’an Qala ha’m  Rayon Hakimiyatı menen xojalıq jurgiziwshi subekt basshılarına qarar menen tanıstırılıp mu’ddeti menen talap-eskertpeler berilgen.

Usı joqarıda ko’rsetilgen qarardı orınlanıw barısın qadg’alawg’a alıw maqsetinde Suw qadag’alaw inspektsiyası menen birgelikte is-ilajlar duzilip ha’m kelisilgen.(Garodikskaya V.S ,Ivanov V.F. “Priroda cheloveki zakon” Maskva1990g)

2009-jılga jobalastırılg’an to’mendegishe 4 xojalıq jurgiziwshi subektler

1.Menshik jay qurılıs

2.Menshik jay qurılıs

3.Biybazar AMTP qaraslı 1dana turar jay

4.Shabbaz MATP 1 dana turar jay

Beruniy rayonı aymag'ında jaylasqan Biybazar AMTP g'a qaraslı 1 jeke menshik turar jay buzılg'anlıg'ı ma'lim bolıp ha'm alıp shıg'arılg'anlıg'ı haqqında akt duzilip Beruniy rayonı Biybazar APJ ha'm «Xaitbaev Zaxid» fermer xojalıg'ı baslıqları menen birgelikte akt duzildi.

Usı ku'nge Beruniy rayonı aymag'ında A'miwdarya daryasının' suw qorg'aw zonasında jaylasqan «Biybazar AMTP» g'a qaraslı 1 turar jay Beruniy rayonı Ha'kimi ta'repinen 08.02.2010 jıl sa'nesinde №77/2 sanlı Qarar sheshimi menen alıp shıg'arıldı. Qalg'an 3 menshik turar jaylardı 20.05.2010 sa'nesindegi №232/5 ha'm 233/5 sanlı Qararı menen Beruniy rayonı Ha'kimi ta'repinen tolıg'ı menen alıp shıg'arıldı.

Ellikqala rayonı Ha'kiminin' 20.03.2010 jıl sa'nesindegi №120/3 sanlı Qarar sheshimi menen Sarabiy OFİ de jaylasqan Kerpich zavodı A'miwdarya daryasının' Suw qorg'aw zonasınan alıp shıg'arıldı..

Ulıwma 5 xojalıq jurgiziwshi subektler A'miwdarya daryasının' suw qorg'aw zonasınan alıp shıg'arıldı. (Erejepov S, A'biypov k. "Ta'biyatti qorg'aw" Nokis 1984)

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' 2009-jıl 17 –marttag'ı №34 – b sanlı biyligi Qaraqalpaqstan Respublikası aymag'ında A'miwdarya daryası jag'alıg'ı, kanallar ha'm izeykeshlerdin' suw qorg'aw zonalarında nızamsız tu'rde o'z basımshalıq penen qurılg'an obektlerdi saplastırıw boyınsha isshi toparlar o'z waqtında du'zilip orınlanıwın qadag'alap atırmız.

No'kis qalası aymag'ınan o'tiwshi A'miwdarya daryasının', «Qızketken», «Arnasay» magistral kanaları, ha'm Arqa-batıs ta'repinde jaylasqan «Ashshı ko'l» ko'linin' Suw qorg'aw zonasının' qırg'aq boyı polosası ha'm sanitariyalıq zonalarında o'tkerilgen monitoring jumısları tuwralı mag'lıwmat to'mendegishe.

O'zbekstan Respublikası «Qorg'alatug'ın ta'biyiy aymaqlar haqqında»g'ı nızamının' 41-statyası talabına ha'm Ministrler Kabinetinin' 7-aprel 1992-jılg'ı «O'zbekstan Respublikasındag'ı suw saqlag'ıshlar ha'm basqada suw toplaw orınları, daryalar, magistral kanallar ha'm izeykeshlerdin', sonday-aq, ishimlik suwı ha'm basqada ku'ndelikli turmısta paydalanatug'ın suw ta'miyinleniwinin',

emlew ha’m ma’deniy sawallandırıwda paydalanatug’ın suw qorlarının’ suwdı qorg’aw zonaları haqqındag’ı Qa’deni tastıyıqlaw haqqında» g’ı 174-sanlı qararının’ 11,15,31,46,49,50-bantlerine muwapıq, A’miwdarya daryasının’ No’kis qalası aymag’ınan o’tetug’ın tiyisli bo’limi 23 km, suw qorg’aw zonası 500 metr, eki jag’alıq qırg’aq boyı polosası ha’m sanitariyalıq zonası 100 metr dep belgilengen.

«Arnasay» magistral kanalının’ No’kis qalası ishinen o’tiwshi tiyisli bo’limi 11,8 km, suw o’tkeriw qa’bileti 342 kub metr/sekund bolıwına baylanıslı suw qorg’aw zonası 300 metr, qırg’aq boyı polosası 60 metr dep belgilengen.

«Qızketken» magistral kanalının’ No’kis qalası aymag’ınan o’tiwshi tiyisli bo’limi 16,5 km, suw o’tkeriw qa’bileti 320 kub metr/sekund bolıp suw qorg’aw zonası 300 metr, qırg’aq boyı polosası 60 metr dep belgilengen.

«Ashshı ko’l» ta’biyiy ko’linin’ 35-40 gektar, sıyımlılıg’ı 0,64 mın’ kub bolg’anlıg’ı sebepli, qırg’aq boyı polosası ha’m sanitariyalıq zonası 100 metr dep belgileniw nızam tiykarında ko’rsetilgen.

«Ashshı ko’l» ko’linin’ «Suw qorg’aw zonasın belgilew» pasportı O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ 1992-jıl 7-apreldegi №174-sanlı qararının’ «Suw qorg’aw zonaların kelisiw ha’m tastıyıqlaw tartibi»nin’ 70,72-bantlerine muwapıq, No’kis qalası hakimiyatı tarepinen tiyisli bolg’an hu’jjetleri isletilip bolg’annan keyin qadag’alawshı uyımlardın’ kelisimnen o’tkerilip tastıyıqlang’an tu’rinde, ma’mleketlik qadag’alaw uyımlarına beriliwi kerekligi ko’rsetilgen. Bul ta’biyiy ko’l No’kis kalasının’ Arqa-Batıs ta’repinde jaylasqan bolıp Ha’kimiyat ta’repinen tek g’ana qala xalqının’ jazg’ı dem alıs ornına aylandırılg’anlıg’ı ko’rsetilgen.(Gorigorev A. “Antropogennie vazdestviya na prirodnuyu sredu po nablyudeneyam iz kosmasa” L. 1985g)

Sonlıqtan A’miwdarya daryasının’, «Qızketken», «Arnasay» magistral kanallarının’ ha’m «Ashshı ko’l» ta’biyiy ko’linin’ qırg’aq boyı polosası ha’m sanitariyalıq zonalarında ha’r qıylı turdegi qurılıs obektilerin qurıw ha’m jaylastırıw qadag’an etiledi.

No’kis qalası aymag’ında jaylasqan qorg’alatug’ın ta’biyiy aymaqlarg’a kiriwshi obektiler joq ha’m dizimge alınbag’an.

A’miwdaryanın’ on’ jag’alawında jaylasqan «Niyetbay tas gidropostı» janındag’ı Qaraqalpaqstan Respublikası İshki isler wazirligine qaraslı ja’rdemshi xojalıq jeri «Shadlı awıl» poselkası, «Sarancha» poselkası, Qaraqalpaq boyan aktsionerlik jamiyetine qaraslı tamır presslew skladı, «Kattag’ar temir-beton buyımları» juwapkershiligi sheklengen ja’miyeti daryasının’ suw qorg’aw zonası ishine kirip jaylasıp turg’anlıg’ı anıqlandı.

## 3.4. Qaraqalpaqstan Respublikası suw hawizleri sapasi

Taslandılar deregin qadag’alaw sektorının’ esap beriw da’winde 2013-jıl dawamında barlıg’ı bolıp 121 proba alınıp 2153 anıqlıq o’tkerildi. Solardan 25 proba aqaba suwlardan alındı ha’m 425 anıqlıq o’tkerildi, jer u’sti suwlarınan 84 proba alındı ha’m 1512 anıqlıq o’tkerildi, jer astı suwlarınan 12 proba alındı ha’m 216 anıqlıq o’tkerildi.

IV-kvartalda «Suw aydınlar suwının’ sapasın izertlew metodları» boyınsha ku’kirt vodorodı anıqlıg’ı o’zlestirildi ha’m ta’biyiy aqaba suwlar «titrimetriyalıq metodlar» menen anıqlandı.

Jer u’sti suwlarının’ pataslanıwı boyınsha monitoring baqlaw 4 suw ag’ımı u’stinen o’tkerildi. Ulıwma 7 da’rwazadan 84 proba alınıp analizlendi. Jer u’sti suwlarının’ o’tkerilgen ximiyalıq analizi boyınsha o’tken jıl menen salıstırg’anda A’miwda’ryada aralas zatlar quramı – 7,5 mg/l, ammoniy ionı – 0,26 mg/l, nitrat - 4,7 mg/l, al 2012 jıl dawamında A’miwda’ryada aralas zatlar kontsentratsiyası quramı -1,4 mg/l, ammoniy ionı - 0,040 mg/l, nitritler - 3,25 mg/l, Xojeli qalasındag’ı Su’wenli kanalında o’tken 2011 jılı ammoniy ionı quramı – 0,51 mg/l, aralas zatlar – 7,0 mg/l, nitritler - 0,043 mg/l, al 2012 jıl dawamında aralas zatlar quramı - 1,71 mg/l, ammoniy ionı - 0,045 mg/l, nitritler - 0,027 mg/l, al Kegeyli

kanalında Shımbay rayonı orayında aralas zatlar quramı joqarı - 6,2 mg/l, ammoniy ionı - 0,62 mg/l, al 2012 jıl dawamında aralas zatlar quramı - 1,78 mg/l, ammoniy ionı - 0,05 mg/l boldı. Na'tiyjede Tu'yemoyın suw saqlag'ıshınan suw tu'skennen son' birden ko'terildi.

MİZ da'stu'ri boyınsha SKİS qadag'alawında 5 obekt bar, solardan 2012-jıl dawamında to'mendegi 5 obektler izertlendi:

1. Taxiatas qalası «Suw ha'm aqaba» da aqaba suwlar Pogranichnıy kollektorg'a taslanadı.

O'tkerilgen ximiyalıq analizler juwmag'ında PDS nın' ornatılg'an normadan asıwı erigen kislorodta-1,2 ese, nitratlar-1,4 ese ekenligi anıqlandı.

2. No'kis qalasında UEMV «Tu'yemoyın-No'kis» ke aqaba suwlar filtratsiya maydanına taslanadı. O'tkerilgen ximiyalıq analizler juwmag'ında nitritler boyınsha - 1,6 ese PDS nın' ornatılg'an normadan asıwı gu'zetildi.

Anıqlang'an kemshilikti saplastırıw boyınsha obekttin' juwapker adamına ko'rsetpe berildi.

3. Beruniy qalasında Beruniy A/O «Eggar» da aqaba suwlar Zey-salma kollektorına taslanadı, u'shinshi kvartalda shiyki zat bolmag'anı sebepli jumıs islemedi.

4. Xojeli qalasında «SP Turan-Xojeli» ge aqaba suwlar filtratsiya maydanına taslanadı, u'shinshi kvartalda shiyki zat bolmag'anı sebepli jumıs islemedi.

5. Shımbay rayonında A/O «Chimbay-may» da aqaba suwlar Kegeyli kanalının' eski tarnawına taslanadı. 2012-jılı aqaba suwlar shiyki zat bolmag'anı sebepli jumıs islemedi.

1-keste

**Qaraqalpaqstan SİAK boyınsha 2013 jıldag'ı aqaba suwlardın' sapasın qadag'alaw**

| № | Alıng'an orın (obekt) | İNN | Taslaw ornı | Sarıplang'an aqaba suw, mın'. $m^3$/sut | Alıng'an sa'ne | Proba sanı dana | Ko'rsetkishler i ingredientler mg/l | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | $t^0$ C | pH | Kis-dertpesi | BPK | XPK | ammoniy ion-ları | nitrit ion-ları | nitrat ion-ları | Ara-las zatlar | $SO_4$ | CL | Qur-g'aq qaldıq | NP | May-lar | Fe-nol | Te-mir | Mıs |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 1 | Suw ha'm aqaba» q. Taxiatash UEMV Tu'yemoyın – No'kis Kiris | 200357143 | kol-r Pogranichnıy | 958,9 | 11.01 5.04 5.09 2.11 | 4 | $21^0$ | 7,5 | 7,9 | 9,2 | 52,2 | 0,81 | 0,071 | 41,0 | 203,9 | 508,6 | 456,8 | 2544 | 0,017 | Aniq-lanba-g'an | Aniq-lan ba-g'an | 0,18 | 0,024 |
| | shıg'ıs | | | | | 4 | $21^0$ | 7,5 | 4,2 | 4,8 | 27,4 | 0,43 | 0,037 | 21,5 | 107,0 | 325,6 | 380,2 | 2393 | 0,012 | Aniq-lanba-g'an | Aniq-lan ba-g'an | 0,11 | 0,019 |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | A\OEltеks Ellikqala kiris shıg’ıs | 2009 14351 | Aq-sha-ko’l ko’li | 0,08 | | | Shiyki zat joqlıg’ı sebepli islemeydi | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 3 | OS UEMV Tu’yem oyın No’kis qalası kiris | 2009 49244 | Filtratsiya may-danı | 13200,0 | 10.01 9.04 7.09 5.11 | 4 | 200 | 7,6 | 6,7 | 7,6 | 115,1 | 0,91 | 0,080 | 47,1 | 193,7 | 404,4 | 712,5 | 2769 | 0,019 | Aniq-lanba-g’an | Aniq-lan ba-g’an | 0,17 | 0,044 |
| | shıg’ıs | | | | | 4 | 200 | 7,6 | 3,5 | 4,0 | 60,3 | 0,48 | 0,042 | 24,6 | 103,1 | 284,4 | 569,4 | 2454 | 0,013 | Aniq-lanba-g’an | Aniq-lan ba-g’an | 0,11 | 0,018 |
| 4 | A/O «Eg-gar» Beruniy taslandı | 2009 30049 | kol-r Zey-sal-ma | 24,44 | 17.01 10.04 7.04 | | 180 | 7,5 | 6,5 | 7,6 | 52,6 | 0,19 | 0,026 | 9,8 | 57,1 | 349,4 | 467,7 | 2226 | Aniq-lan ba-g’an | 0,017 | Aniq-lan ba-g’an | 0,15 | 0,025 |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 3 | $18^0$ | 7,5 | 4,8 | 3,4 | 29,1 | 0,12 | 0,014 | 7,6 | 32,0 | 217,6 | 351,2 | 1921 | Aniq-lan ba-g'an | 0,011 | Aniq-lan ba-g'an | 0,12 | 0,012 |
| 5 | A\O Xojeli «Turan» Taslandi | 20039444 7 | Filtratsiya maydanı | 27,10 | 18.01 6.04 9.11 | 3 | $16^0$ | 7,5 | 6,0 | 4,8 | 49,0 | 0,37 | 0,039 | 8,5 | 26,8 | 337,1 | 412,9 | 1982 | Aniq-lan ba-g'an | 0,013 | Aniq-lan ba-g'an | 0,14 | 0,032 |
| 6 | A/O Chimbay - May» | 20093200 6 | Ke-geyli k-leskirm a-gi | 786,6 | | Shiyki zat bolmawı sebepli islemeydi | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 7 | A/O Kateks | 20034966 7 | Jergilikli relf | | | Shiyki zat bolmawı sebepli islemeydi | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 8 | A/O «Teks-til», Xojeli | 20037163 4 | Ishki xoja-lıq kol-r | | | Shiyki zat bolmawı sebepli islemeydi | | | | | | | | | | | | | | | | | |

2-keste

## Qaraqalpaqstan SİAK boyınsha 2013 jıldag'ı PDS normativlerin qadag'alaw

| Alıng'an orın (obekt) | İNN | Taslaw orını | Sarıplang'an aqaba suw, mın'. $m^3$/ sut | Alıng'an sa'ne | Pro-ba Sa-nı sht | PDS ust, PDS fakt mg/l | Ko'rsetkishler i ingredientler mg/l | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | Kis-d eritpesi | | BPK5 | | XPK | | ammoniy ion ları | | nitrit ionları | | nitrat ionları | | Aralas zatlar | | $SO_4$ | | CI | | Qur-g'aq qaldıq | | NP | | fenol | | temir | | Cu | |
| | | | | | | | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | pds | fakt | PDS | fakt | pds | fakt | pds | fakt |
| OS «Suw ha'm aqaba» Taxiatash qalası UEMV Tu'yemoyın-No'kis | 200357143 | kol-r pogranichnıy | 958,9 | 11.01- 5.04- 5.09- 2.11.2012 | 4 | PDS/fakt | 4,0 | 4,2 | 10,0 | 4,8 | - | 27,4 | 10,0 | 0,43 | 0,5 | 0,037 | 15,0 | 21,5 | 140 | 107,0 | 500 | 325,6 | 400 | 380,2 | 2000 | 2393 | 0,5 | 0,012 | - | Anıq lan bag'an | - | 0,11 | - | 0,019 |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| OS g No'kis UEMV Tu'yemoyın-No'kis sbros | 200949244 | Filtratsiya maydani | 13200,0 | 10.01-9.04-7.09-5.11. | 141 | PDS/fakt | 4,0 | 3,5 | 10,0 | 4,0 | - | 60,3 | 10,0 | 0,48 | 0,5 | 0,042 | 15,0 | 24,6 | 140 | 103,1 | 500 | 284,4 | 400 | 569,4 | 2000 | 2454 | 0,5 | 0,013 | - | n Aniq-lan ba-g'an | - | 0,11 | - | 0,018 |

3-keste

**2013 jılda QR Ta'biyattı qorg'aw boyınsha ma'mleketlik komitetinin' Qaraqalpaqstan SİAK tın' aqaba suwlardın' sapasın qadag'alaw boyınsha jumıslar ko'rsetkishleri**

| Tekserilgen mekemeler sanı | | | | Anıqlang'an ingredientler ko'rsetkishleri dizimi | | Proba sanı, sht | | | | Normadan asıwshı obektler sanı | | İslengen ila'jlar | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| plan | | fakt | | fakt | Barlıg'ı | Aqaba | Jer u'sti | Jer astı | Barlı-g'ı | MİZ boyın-sha | Dr p/p | ko'rsetilgen | | | | | o'ndirilgen | | | | Kompensatsiyalıq to'lem |
| | | | | | | | | | | | | to'-lewge | Shtraf | | dawa | | shtrafı | | dawa | | |
| MİZ boyı | | MİZ boyı | Dr p/ | | | | | | | | | | sht | Sums | sht | summa | sht | summa | sht | sum | |

| nsha | Dr p/ p | nsha | p | | | | | | | | | buy -rıq beril - di | | | | | | | | ma | o'ndirildi |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 23 |
| 5 | - | 4 | - | 23 | 23 | 25 | 84 | 12 | 121 | 7 | - | 7 | 3 | 20763 0 | - | - | 3 | 2076 30 | - | - | 514192 / 108736 |

4-keste

**2013 jılda Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha ag'ın suwlar sapasına sıpatlama**

| № | Oblast, qala kodı | Alıng'an orın (da'rya, kol-lektor) | proba sanı sht | pH | Erit pekis-d mg/l | mg ekv/l | | | Ko'rsetkishler i ingredientler mg/l | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | Qattılıg'ı ekv/l | kaltsiy | magniy mg/l | Aralas zatlar | Qur - g'aq qaldıq | Qıshqıllıg'ı | ammoniy ionları | nitrit ionları | nitrat ionları | CI | $SO_4$ | mıs | fenol | temir | NP | fosfat |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 22 | |
| 1 | A'miwdar ya | To'men g/uz Taxiatash qalası | 12 | 7,4 | 7,75 | 7,8 | 5,2 | 2,6 | 1,4 | 727,5 | 4,2 | 0,040 | 0,067 | 3,25 | 206,9 | 210,5 | 0,002 | - | 0,028 | 0,012 | 0,032 |
| 2 | K-l Kızketken | Joqarı No'kis qalası | 12 | 7,4 | 7,35 | 7,7 | 5,0 | 2,7 | 1,83 | 726,5 | 3,85 | 0,044 | 0,051 | 4,15 | 215,4 | 230,7 | 0,0022 | - | 0,035 | 0,016 | 0,011 |
| | | To'men No'kis q | 12 | 7,4 | 6,95 | 7,6 | 4,8 | 2,85 | 2,46 | 716 | 5,7 | 0,035 | 0,054 | 4,0 | 234,9 | 219,5 | 0,005 | - | 0,043 | 0,025 | 0,016 |
| 3 | K-l Suwenli | Joqarı Xojeli qalasi | 12 | 7,4 | 7,4 | 7,8 | 4,8 | 3,0 | 1,71 | 718,5 | 4,85 | 0,045 | 0,027 | 5,7 | 205,2 | 220,3 | 0,003 | - | 0,049 | 0,029 | 0,021 |
| | | To'men Xojeli q | 12 | 7,4 | 7,5 | 8,0 | 4,9 | 3,1 | 2,25 | 749 | 5,35 | 0,28 | 0,048 | 6,75 | 219,2 | 225,5 | 0,0045 | - | 0,038 | 0,036 | 0,029 |
| 4 | K-l Kegeyli | Joqarı r/o Chimbay | 12 | 7,4 | 3,7 | 8,1 | 5,6 | 2,5 | 1,78 | 750,5 | 4,2 | 0,05 | 0,064 | 6,5 | 234,7 | 244,6 | 0,0034 | - | 0,035 | 0,015 | 0,035 |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | To'men r/o Chimbay | 12 | 7,4 | 7,9 | 8,3 | 5,4 | 2,9 | 2,23 | 775 | 4,9 | 0,05 | 0,047 | 7,1 | 217,5 | 253,5 | 0,0031 | - | 0,037 | 0,022 | 0,03 |
| 5 | Skvajina | No'kis r/n | 12 | 7,5 | 4,6 | 4,6 | 2,9 | 1,7 | 0,93 | 1560 | 5,25 | 0,13 | 0,038 | 2,55 | 864,4 | 248,4 | 0,0019 | - | 0,024 | 0,015 | - |

5-keste

**2013 jılda QR Ta'biyattı qorg'aw boyınsha ma'mleketlik komitetinin' Qaraqalpaqstan SİAK boyınsha tazalawshı qurılmalar jumıslarının' effektiligi h'aqqında MAG'LIWMAT**

| № | Tazalawshı qurılmalar | Kod T.I | OS quwatı mın'.m³/sut | | Tiykarg'ı pataslawshı zatlar | Quramının' sapası, mg/l | | Effektivligi % | Esletpe |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | joybarda | F a k t | | Kirgende | Shıqqanda | | |
| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** |
| 1. | OS "Suw ha'm aqaba" Taxiatash qalası Biologiyalıq tazalawlar | | 7,0 | 1,2 | Aralas zatlar | 203,9 | 107,0 | 47,5 % | |
| | | | | | Ammoniya ionları | 0,81 | 0,43 | 46,9 % | |
| | | | | | Nitrit ionları | 0,071 | 0,037 | 47,9 % | |
| | | | | | Nitrat ionları | 41,0 | 21,5 | 47,6 % | |
| | | | | | XPK | 52,2 | 27,4 | 47,5 % | |
| | | | | | $BPK_5$ | 9,2 | 4,8 | 47,8 % | |
| 2. | OS g.No'kis "UEMV" Tu'yemoyın No'kis Biologiyaliq tazalaw | | 65,0 | 5,5 | Aralas zatlar | 193,7 | 103,1 | 47,1 % | |
| | | | | | Ammoniy ionları | 0,91 | 0,48 | 47,3 % | |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | imaratlari | | | | Nitrit ionları | 0,080 | 0,042 | 47,5 % | |
| | | | | | Nitrat ionları | 47,1 | 24,6 | 47,8 % | |
| | | | | | XPK | 115,1 | 60,3 | 47,6 % | |
| | | | | | $BPK_5$ | 7,6 | 4,0 | 47,4 % | |

## O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı h’a’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıg’ı h’a’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın h’a’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ h’uqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ h’uqıqları h’a’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol h’aqıqıy, h’uqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z h’uqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z h’uqıqı h’a’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ h’uqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (İ. Karimov. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta, 31 – bet).

XX a’sirdin’ 60 – jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde h’a’m urıs jag’dayında ma’m- leket xalqın jalpı qırg’ın quralları h’a’m basqa xu’jim qurallarınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew h’a’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw h’a’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın quralları emes, ba’lkim basqa qa’wip – qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw h’asla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen h’a’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a

qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq h’a’mde urıs da’wirinde xalıqtı h’a’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw h’a’m qutqarıw jumısların o’tkerip qoymay, basqa a’h’miyetli ilajlardı: ta’biyiy apatlardan qa’wipli aymaqlar kartaların du’ziw, seysmikalıq bekkem bina h’a’m imaratlardı qurıw, qısqa, orta h’a’m uzaq mu’ddetli boljaw jumısların sho’lkemlestiriwi h’a’m xalıq tayarlıg’ın a’melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja’ne bir ma’seleni aydınlastırıp alıwg’a tuwra keledi. Ayrıqsha jag’day degen ne, onnan xalıqtı h’a’m aymaqlardı qorg’aw degende neni na’zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag’day – adamlar qurban bolıwı, olardın’ den sawlıg’ı yaki qorshag’an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg’ınlar keltirip shıg’ılıwı h’a’mde adamlardın’ turmıs sharayatının’ izden shıg’ıwına alıp keliwi mu’mkin bolg’an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa’wipli ta’biyg’ıy h’a’diyse yaki basqa ta’biyiy apatshılıq na’tiyjesinde belgili bir aymaqta ju’zege kelgen jag’day.

**Xalıqtı h’a’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw** – ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw h’a’m olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, h’a’reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw** – aldın ala o’tkerilip, ayrıqsha jag’daylar ju’z beriwi qa’wipin mu’mkinshiligi bolg’ansha kemeytiwge, bunday jag’daylar ju’z bergen ta’g’dirde bolsa adamlar den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan h’a’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge qaratılg’an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag’daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag’daylar ju’z bergende o’tkerilip, adamlar o’miri h’a’m den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan h’a’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag’daylar ju’z bergen zonalardı shen’berge alıp, qa’wipli

faktorlar ta’sirin toqtatıwg’a qaratılg’an avariya – qutqarıw jumısları h’a’m basqa keshiktirip bolmaytug’ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı h’a’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında qoyılg’an en’ tiykarg’ı jumıslardın’ biri–da’slep Qorg’anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg’anıw h’a’m ayrıqsha jag’daylar basqarmasının’, son’ usı basqarma tiykarında **O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 1996 jıl 4 marttag’ı PF–1378 Buyrıg’ı** menen Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ du’ziliwi boldı.

Ministrlik is ju’rgize baslag’annan son’ xalıqtı h’a’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawının’ h’uqıqıy tiykarın du’ziwshi bir qatar nızam h’a’m qararlar qabıl etildi.

***O’zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı h’a’m aymaqlardı ta’biyiy h’a’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw h’aqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo’lim h’a’m 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı h’a’m aymaqlardı ta’biyiy h’a’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawındag’ı sotsial mu’na’sibetlerdi ta’rtipke saladı h’a’m ayrıqsha jag’daylar ju’z beriwi h’a’m rawajlanıwının’ aldın alıw, ayrıqsha jag’daylar keltiretug’ın shıg’ınlardı azaytıw h’a’m ayrıqsha jag’daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg’anıw h’aqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo’lim h’a’m 23 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg’anıw tarawındag’ı tiykarg’ı wazıypalardı, olardı a’melge asırıwdın’ h’uqıqıy tiykarların, ma’mleket organlarının’, birlespe h’a’m sho’lkemlerdin’ wa’killiklerin, O’zbekstan Respublikası puxaralarının’ h’uqıqları h’a’m ma’jbu’riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg’anıw ku’shleri h’a’m quralların belgileydi.

**Adamnın’ immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin’ aldın alıw h’aqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS keselliginin’ aldın alıw tarawındag’ı ma’mleketlik ta’miyinlew, keselliktin’ aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta’miyinlew, puxaralardın’ h’a’m ma’jbu’riyatlarına tiyisli ma’seleler ko’rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının' qa'wipsizligi h'aqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın' maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg'a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw h'a'm tamamlawda qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyınsha iskerligin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın mina'sibetlerdi ta'rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler h'a'm jabayı ot - sho'plerden qorg'aw h'aqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın' maqseti awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler h'a'm jabayı ot - sho'plerden qorg'awdı ta'miyinlew, o'simliklerdi qorg'aw qurallarının' adam den sawlıg'ına, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa zıyanlı ta'sirinin' aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa'wipsizlik h'aqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo'lim h'a'm 28 statyadan ibarat. Nızamnın' maqseti radiatsiyalıq qa'wipsizlikti, puxaralar o'miri, den sawlıg'ı h'a'm mal – mu'lki, sonday – aq, qorshag'an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın' zıyanlı ta'sirinen qorg'awdı ta'miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu'res h'aqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo'lim h'a'm 31 statyadan ibarat. Usı nızamnın' maqseti terrorizmge qarsı gu'res tarawındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın' tiykarg'ı wazıypaları shaxs, ja'miyet h'a'm ma'mlekettin' suverenitetin h'a'm aymaqlıq pu'tinligin qorg'aw puxaralar tınıshlıg'ı h'a'm milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa'wipli islep shıg'arıw obektlerinin' sanaat qa'wipsizligi h'aqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnın' maqseti qa'wipli islep shıg'arıw obektlarinin' sanaat qa'wipsizligi tarawındag'ı qa'tnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

***O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı:***

**Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw h'a'm jer ko'shkisi h'a'diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw h'a'm olardın' aqıbetlerin toqtatıw barısındag'ı – ilajlar h'aqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ –

585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag’ımları, qar ko’shiw h’a’m jer ko’shki h’a’diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o’z waqtında h’a’m na’tiyjeli sho’lkemlestiriw, sonday – aq olardın’ aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ qararları:***

**O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ jumısın sho’lkemlestiriw ma’seleleri h’aqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg’a «O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylar h’aqqında»g’ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ tiykarg’ı wazıypaları, h’uqıqları keltirilgen.

**O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylarda olardın’ aldın alıw h’a’m h’a’reket etiw ma’mleketlik sisteması h’aqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylarda olardın’ aldın alıw h’a’m h’a’reket etiw ma’mleketlik sisteması (AJMS) h’aqqındag’ı Nızam h’a’m onın’ du’zilisi tastıyıqlang’an, ministrlik h’a’m idaralardın’ xalıq h’a’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O’zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag’daylardan qorg’awg’a tayarlaw ta’rtibi h’aqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma’mleket xalqın h’a’m aymaqların ta’biyiy h’a’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg’a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında tayarlaw ta’rtibi h’aqqında»g’ı Nızam O’zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag’daylarda h’a’reket etiwge tayarlıqtan o’tip atırg’an xalıq toparların tayarlawdın’ tiykarg’ı wazıypaların, tu’rleri h’a’m usılların belgileydi.

**Ta’biyiy, texnogen h’a’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardın’ sıpatlaması h’aqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang’an sıpatlamag’a muwapıq ayrıqsha jag’daylar ju’zege keliw sebeplerine ko’re texnogen, ta’biyiy h’a’m ekologiyalıq qa’siyetli, usı jag’daylarda

zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug'darına h'a'm ko'lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika h'a'm transsshegaralı tu'rlerge bo'linedi.

**O'zbekstan Respublikasında adamlar h'a'm h'aywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'resti ku'sheytiw ilajları h'aqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar h'a'm h'aywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'res ilajlarının' na'tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq h'a'm basqa u'y h'aywanların ta'rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G'alaba xalıqlıq ilajlardı o'tkeriw qag'ıydaların tastıyıqlaw h'aqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O'zbekstan Respublikası aymag'ında g'alaba xalıqlıq ilajlar o'tkeriliwi waqtında ja'ma'a't qa'wipsizligin ta'miyinlew h'a'm ta'rtibin qorg'aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag'daylardı boljaw h'a'm aldın alıw Ma'mleket da'stu'rin tastıyıqlaw h'aqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw h'a'm aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg'an jumıslar o'nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko'rsetilgen h'uqıqıy h'u'jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg'a "O'mir qa'wipsizligi" pa'ninin' barlıq bag'darları boyınsha ken' ma'niste tu'sinikler berildi.

# JUWMAQLAW

Respublika aymag'ında payda bolg'an ekologiyalıq apatshılıq jag'daylardı saplastırıw ma'qsetinde O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikası hu'kimetleri ta'repinen bir qansha bahalı hu'jjetler, nızamlar, bag'darlamalar qabıl etilmekte ha'm o'z na'tiyelerin bermekte. Keyingi jılları A'miwdarya suwının' tam-tarıslıg'ı onın' suwının' sapasının' to'menlep ketiwi xalqımızdı ta'shiwshke salmaqta. Bul jag'daylardı saplastırıw, xalıqtı taza ishimlik suw menen ta'minlew, suw resursların u'nemlew-bul u'lken mashqalalardın' biri bolıp esaplanadı. Usı jag'daylardı esapqa ala otırıp O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasında bir qansha nızamlıqlar atap aytqanda «Suw ha'm suwdan paydalanıw» haqqında «Ayrıqsha qorg'alatug'ın ta'biyiy aymaqlar» haqqında h.t.b. nızamlar qabıl etildi.

Sonın' menen bir qatar tikkeley suw resuraların pataslanıwdan qorg'aytug'ın «Ayrıqsha qorg'alatug'ın ta'biyiy aymaqlar» qatarına jatatug'ın «Suw qorg'aw zonaları» ha'm «Suw qorg'aw aralıq polosaları» atlı nızamg'a bo'limler kirgizildi ha'm bul hu'jjet ha'reket etip tur. Bul u'lken hu'jjet O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' 7-aprel 1992-jılı №174 qararı menen «Respublika aymag'ında suw saqlag'ıshlar Da'rya magistral kanallar, kollektorlar ja'ne basqa da ishimlik ha'm turmıs suw menen ta'miyinlew, emlew ha'm ma'deniy orınlarda suw qorg'aw zonaların ornatıw haqqında arnawlı qarar qabıl etildi. Suw qorg'aw zonaların belgilew qarar boyınsha iri da'ryalarda suw o'tkeriw qa'bileti 100 $m^3$ tan zıyat bolsa 300-500 m, sekundına 5-100 $m^3$ tan zıyat bolsa 100-300 m, h'a'm sekundına 2-5 $m^3$ a'tirapında bolsa, 50-100 metr, al kishi saylar 2 $m^3$ suw o'tkeriw qa'biletine iye bolsa 50 metrge suw qorg'aw zonaların ornatıw bizin' Respublikamız aymag'ında ag'ıp o'tetug'ın A'miwdaryada 300-500 m magistral kanallar Qızketken, Su'wenli, Bozataw kanallarında 100-300 metrge shekem ornatıladı.

Usınday zonalarda egerde suw pataslawshı obektler shıg’arılıp taslansa olardın’ orınlarına bag’-baqshalar egilse, dem-alıs orınları payda etilip, qıyabanlar du’zetilse jaqsı bolar edi.

Jer u’sti suwlarının’ pataslanıwı boyınsha monitoring baqlaw 4 suw ag’ımı u’stinen o’tkerildi. Ulıwma 7 da’rwazadan 84 proba alınıp analizlendi. Jer u’sti suwlarının’ o’tkerilgen ximiyalıq analizi boyınsha o’tken jıl menen salıstırg’anda A’miwda’ryada aralas zatlar quramı – 7,5 mg/l, ammoniy ionı – 0,26 mg/l, nitrat - 4,7 mg/l, al 2012 jıl dawamında A’miwda’ryada aralas zatlar kontsentratsiyası quramı -1,4 mg/l, ammoniy ionı - 0,040 mg/l, nitritler - 3,25 mg/l, Xojeli qalasındag’ı Su’wenli kanalında o’tken 2011 jılı ammoniy ionı quramı – 0,51 mg/l, aralas zatlar – 7,0 mg/l, nitritler - 0,043 mg/l, al 2012 jıl dawamında aralas zatlar quramı - 1,71 mg/l, ammoniy ionı - 0,045 mg/l, nitritler - 0,027 mg/l, al Kegeyli kanalında Shımbay rayonı orayında aralas zatlar quramı joqarı - 6,2 mg/l, ammoniy ionı - 0,62 mg/l, al 2012 jıl dawamında aralas zatlar quramı - 1,78 mg/l, ammoniy ionı - 0,05 mg/l boldı.

Usı payda bolan ekologiyalıq mashqallardı sheshiw boyınsha qabıl etilgen nızamlar, qararlar ha’m basqa da hu’jjetler talaplarının’ orınlanıwın ta’miyin etiw boyınsha Respublikamızdın’ ba’rshe xalqına tiyisli xojalıqlar mekemeler, ministrlikler ha’m ha’kimiyat uyımları basshıları pidayı miynet isleydi degen u’mittemiz.

## PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR


1. Baxiev A. «Ekologiya tiykarları». No’kis, 1994 j.
2. Baxiev A. Xojaniyazov D. Eshimbaev D. Biosfera-tirishilik tiykarı. No’kis,1995.
3. P.Baratov. Tabiatni muhofaza qilish. T. «O’qituvchi» 1991.
4. A.A.Rafiqov. Geoekologik muammolar. T. «O’qituvchi» 1997.
5. X.T.Tursunov. Ekologiya asoslari va tabiatni muh’ofaza qilish. Tosh. Universitet 1997.
6. A.S.To’xtaev. Ekologiya. T. «O’qituvchi», 1998.
7. Vernadskiy V.İ «Biosfera». Moskva, 1967 g.
8. Vorontsov A.İ., Xartanova N.Z. «Oxrana prirodı». Moskva, 1977 g.
9. Gaev Ya. Samarina «Nashi sledı v prirode» Moskva, 1991 g.
10. Gladkov N.A . «Oxrana prirodı» Moskva, 1969
11. Gorodikskaya V.S., İvanov V.F. «Priroda chelovek i zakon». Moskva, 1990 g.
12. Gorigorev A. «Antropogennıe vozdeystviya na prirodnuyu sredu po nablyudeniyam iz kosmosa». L, 1985 g.
13. Grigorev A.A. «Ekologicheskie uroki proshlogo i sovremennosti» L, 1991 g.
14. Dajo R. «Osnovı ekologii». M, 1975 g.
15. Dokuchaev V.V. «Nashi stepi prejde i teper». M, 1963 g.
16. Dyuvinyu P., Tang M. «Biosfera i mesto v ney cheloveka». M, 1973 g.
17. Erejepov S., Abiypov K. «Ta’biyattı qorg’aw», No’kis, 1984 j.
18. Qaraqalpaqstan Respublikası Ta’biyattı qorg’aw boyınsha Mamleketlik Komitetinin’ materialları h’a’m esapları (2008-2012 jj.).
19. www/uznature.uz
20. www/uzspb.uz
21. www/floranimal.ru
22. www/sreda.uz
23. www/tugay.uz

A`jiniyaz atindag`i no`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti
Ta`biyattaniw ja`ne geografiya fakul`teti 5140400 biologiya bakalavr ta`lim bag`dari 4[a]-kurs talabasi Xojamuratova Shaxlo Yalgashbaevnanin' "Suw ha`wizleri o`zin-o`zi tazalawda biotalar a`hmiyeti" atamasindag'i pitkeriw qa`nigelik jumisina

PIKIR

A`miwda`r`ya del`tasında suw resurslarınan awıl xojalıg`ında ko`p paydalanıwg`a baylanıslı, da`r`yanın` Aral ten`izine jaqın jaylasqan bo`liminde tiykarınan Qaraqalpaqstan Respublikası, Xorezm ha`m Tashawız walayatlarında suw jetispewshiligi jag`dayı payda boldı ha`m ha`zirgi ku`nde joqarıda ko`rsetilgen rayonlardın` ekonomikalıq rawajlanıwına unamsız ta`sir ko`rsetpekte. Sh.Ya.Xojamuratovanın` pitkeriw qaniygelik jumısı teması joqarıda keltirilgen suw mashqalasının` bir a`xmiyetli bo`limi suwlardın` o`zino`zi tazalaw protsessine bag`ıshlang`an. ta`biyatta barlıq suw resursları o`zin o`zi tazalaw uqıplıg`ına iye, degen menen biologiyalıq o`zin o`zi tazalaw protsesslerinde antropogen ta`sirler aqıbetinde suwlardın` sapası o`zin tiklew qa`biliyetin to`menletip atır.

Xojamuratova Sh. pitkeriw qa'niygelik jumısı 4 bo`limnen Kirisiw, İzertlew orni metodlari, tiykarg`i bo`lim, juwmaqlaw bo`limlerinen ha`m paydalang`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

Tiykarg`ı bo`limde Respublika aymag'indag'i da'rya, magistral kanallari ha'm kollektor suwlarina sipatlamalar berilgen, onda suwlardi o`zin o`zi tazalaw protsesslerinin` ayrıqshalıqları, sonday-aq Qaraqalpaqstan Zespublikasi suw ha`wizlerinin` biotasi a`hmiyeti haqkında bayan etilgen.

Ulıwma aytqanda pitkeriw qaniygeli jumısı tu`sinikli tilde, kesetler ha`m sızılmalar menen jaqsı bezelip mazmunı boyınsha qoyılg`an maksetine jetisken dep esaplayman.

Ta`biyattaniw ja`ne geografiya fakul`teti 5140400 biologiya bakalavr ta`lim bag`dari 4[a]-kurs talabasi Xojamuratova Shaxlo Yalgashbaevnanin' "Suw ha`wizleri o`zin-o`zi tazalawda biotalar a`hmiyeti" atamasindag'i pitkeriw qa`nigelik jumisi Joqarı oqıw orınları ushın pitkeriw qa`niygelik jumısları ushın qoyılatug`a juwap beredi ha`m ılayıqlı bahalanadı dep isenemen.

İlimiy basshı A`jiniyaz atındag`ı
NMPİ, Zoologiya kafedrası baslıg`ı
Biologiya ilimleri kandidatı K.Atanazarov

A`jiniyaz atindag`i no`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti
Ta`biyattaniw ja`ne geografiya fakul`teti 5140400 biologiya bakalavr ta`lim bag`dari 4[a]-kurs talabasi Xojamuratova Shaxlo Yalgashbaevnanin' "Suw ha`wizleri o`zin-o`zi tazalawda biotalar a`hmiyeti" atamasindag'i pitkeriw qa`nigelik jumisina

SIN

Keyingi jillari Qaraqalpaqstan Respublikası suw jetispewshiligi jag`dayı payda bolip ha`m ha`zirgi ku`nde ekologiyalıq unamsız ta`sir ko`rsetpekte. Ta`biyatta barlıq suw resursları o`zin o`zi tazalaw uqıplıg`ına iye, degen menen biologiyalıq o`zin o`zi tazalaw protsesslerinde antropogen ta`sirler aqıbetinde suwlardın` sapası o`zin tiklew qa`biliyetin to`menletip atır.

Pitkeriw qaniygelik jumısı teması suw mashqalasının` bir a`hmiyetli bo`limi suwlardın` o`zin-o`zi tazalaw protsessine bag`ıshlang`an.

Xojamuratova Sh. pitkeriw qaniygelik jumısı 4 bo`limnen Kirisiw, İzertlew orni metodlari, tiykarg`i bo`lim, juwmaqlaw bo`limlerinen ha`m paydalang`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Pitkeriw qaniygelik jumısı Respublika aymag'indag'i da'rya, magistral kanallari ha'm kollektor suwlarina sipatlamalar berilgen, onda suwlardi o`zin o`zi tazalaw protsesslerinin` ayrıqshalıqları, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi suw ha`wizlerinin` biotasi a`hmiyeti haqqında maglumatlar berilgen.

Avtordin' pitkeriw qaniygelik jumısı tu`sinikli tilde, kesetler ha`m sızılmalar menen jaqsı bezelip mazmunı boyınsha qoyılg`an maqsetine jetisken dep esaplayman.

Solay etip 5140400 biologiya bakalavr ta`lim bag`dari 4[a]-kurs talabasi Xojamuratova Shaxlo Yalgashbaevnanin' "Suw ha`wizleri o`zin-o`zi tazalawda biotalar a`hmiyeti" atamasindag'i pitkeriw qa`nigelik jumisi Joqarı oqıw orınları ushın pitkeriw qa`niygelik jumısları ushın qoyılatug`a juwap beredi ha`m ılayıqlı bahasin aladi.

Berdaq atındag`ı Qaraqalpaq ma'mleketlik
Universiteti, Ekologiya ha'm fiziologiya kafedrası
dotsenti, B.Jiemuratov

A`jiniyaz atindag`i no`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti
Ta`biyattaniw ja`ne geografiya fakul`teti 5140400 biologiya bakalavr ta`lim bag`dari 4[a]-kurs talabasi Xojamuratova Shaxlo Yalgashbaevnanin' "Suw ha`wizleri o`zin-o`zi tazalawda biotalar a`hmiyeti" atamasindag'i pitkeriw qa`nigelik jumisinin'

ANNOTATSIYASI

**Aktuallıg`ı, zamanogo`yligi**. Elimiz o'z g'a'rezsizligin alıng'annan keyin Respublikamız aymag'ında payda bolg'an ekologiyalıq jag'daydı jaqsılaw, ana ta'biyatımızdın' baylıqların qorg'aw, olardan u'nemli paydalanıw ma'selelerine u'lken a'h'miyet berilip atır.

Aral ten'izi basseyninde payda bolg'an ekologiyalıq ma'selelerdi sheshiwdi O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A. Karimov 1993 jılı Birlesken Milletler Sho'lkeminin' Bas Assambleyasının' 48-sesiyasında h'a'm 1995 jıl usı sho'lkemnin' 50 jıllıg'ına arnalg'an saltanatlı ma'jilisinde shıg'ıp so'ylegen so'zlerinde Aral ten'izi krizisi ulıwma jer ju'zlik mashqala ekenin ha'm bul mashqalanı ko'plegen ellerdin' birliginde sheshiw kerek ekenin bildiredi. Ha'zirgi waqıtta Aral ten'izi basseyninin' mashqalasın sheshiwde Birlesken milletler sho'lkemi qa'winderligi astında rawajlandırıw Programması (PROON), YuNEP Evropa qa'wipsizligi h'a'm birge islesiw sho'lkemi ha'm (OBSE) Du'nya ju'zlik den-sawlıqtı saqlaw sho'lkemi (VOZ) Pu'tkil jer ju'zlik banki ha'm pu'tkil du'nya ju'zlik ja'miyetshiligi, ilimpazları qatnaspaqta.

O'zbekstan h'a'm Qaraqalpaqstan Respublikası suw resusrların qorg`aw boyınsha olardı pataslanıwdın` aldın alıw suwlardın` o`zin o`zi tazalaw protsessleri, suwdag`ı baylıqlardı suw o`simliklerin, suw haywanların qorg`aw du'nya ju'zinin' barlıq ellerin' baslı itibarındag`ı ma`selelerinen biri esaplanadı.

Respublikamızda suw ta'biyiy resurslarınan u'nemli paydalanıwg'a ayrıqsha kewil bo'linbekte. Tiykarg'ı ana ta'biyatımızdın' baylıqlarının` biri esaplang`an suw ha`m suwlardag`ı o'simlik h'a'm haywanatlar du'nyasın qorg'aw, ko'beytiw, ornın toltırıw ha'm olardan u'nemli paydalanıw boyınsha ko'p g'ana nızamlar qabıl etiledi. Olardan «Ta'biyattı qorg'aw haqqında» (1992j) «Suw ha'm suwdan paydalanıw haqqında» (1993 j) nızamları qabıl etildi.

A'miwda'rya suwının' pataslanıw jag'dayı ko'pshilikti ta'shiwishke salıp kelmekte. Tek g'ana onın' joqarı ha'm orta bo'limlerinde jılına ortasha 3,5-4 milliard kub-metr pataslang'an kollektor-drenaj ha'm o'ndirislik shıg'ındı suwlar taslanbaqta. Tu'yemoyın suw saqlag'ıshınan aldı betindegi da'rya suwında patas zatlardın' mineralizatsiyası 1,5 g/l, shekem bolıp, al suwdın' qattılıg'ı 6-18 mg ekv/l ge ten'. Mag'lıwmatlarg'a qarag'anda son'g'ı waqıtları Qaraqalpaqstan Respublikasının' suwg'arıp egiletug'ın jer maydanlarına da'rya suwı arqalı jılına 7,5-9,5 million tonna duz kelip tu'sedi.

Mine usı pataslang'an suwlardı paydalanıw na'tiyjesinde egislik jerlerde mineral duzlar ha'm basqa da zatlar toplanıw jag'dayı ishki suw saqlag'ısh ha'm ko'llerdin' suwlarının' pataslanıwına ha'm ishimlik suwdın' sapasının' to'menlewine alıp kelmekte. Sonın' ushın ha'zirgi waqıtta elimizdegi suw

zapaslarının’ pataslaniwinin’ aldin aliw, olardan u’nemli paydalaniw ha’m qorg’aw ja’miyetimiz aldinda turg’an en’ basli waziypalardin’ biri bolip tabiladi.

**Jumıstın` tiykarg`ı ma`qseti - s**uw ha`wizleri o`zin-o`zi tazalawda biotalar a`hmiyetit uyreniw.

**Tiykarg`ı wazıypaları: -** Suw qorlarin haqqinda qorg`aw boyinsha uliuma tusinikke iye bolıw

Respublika aymag’ındag’ı da’rya, magistral kanalları ha’m kollektor suwlarına sıpatlamalar beriw

Suwlardı o`zin o`zi tazalaw protsessi og`an ta`sir etiwshi tiykarg`ı faktorlardı uyreniw

Qaraqalpaqstan Respublikası suw ha`wizlerinin` biotası ha`m suwlardı tazalawda ornı haqqında mag`lıwmatlar toplaw

Jumıs 57 bet 5 kesteden ibarat bolıp, pitkeriw qaniygelik jumısı boyınsha 2 maqala baspadan shıg`arıldı.

$4^{A}$ kurs talabasi Xojamuratova Sh

Ilimiy basshi Atanazarov Q